

**Variasi Basa Sajrone Sosial Medhia Instagram Akun @pujangga_jawa
16 November 2016 - 30 Desember 2017**

Irma Cahyandari

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
irmacahyandari@mhs.unesa.ac.id

Dr. Surana, S.S., M.Hum

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Variasi basa nduweni teges maneka warna kang disebabake amarga anane panutur sing ora homogen lan amarga manekawarna interaksi sosial sing dilakoni (Chair, 2004:61). Anane panutur sing hiterogen lan maneka warna interaksi sosial sing dilakoni ndadekake variasi tuwuh ing masyarakat. Panliten iki ngandharake wujud variasi basa sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa 16 November 2016 – 30 Desember 2017. Panliten iki bakal ngrembug (1) Apa wae jinise variasi basa, (2) kepriye unsur interferensi (3) kepriye unsur integrasi, lan (4) Apa tujuwan panganggone variasi basa sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa. Tujuwan saka panliten iki yaiku kanggo mangerteni jinise variasi basa, unsur interferensi, unsur integrasi, lan tujuwan variasi basa kang ana ing instagram akun @pujangga_jawa.

Teori variasi basa kang digunakake ing panliten iki yaiku teorine Chaer Agustina (2010:62-68) variasi basa bisa dumadi saka segi panutur kuwi diperang dadi papat yaiku *Idiolek*, *Dialek*, *Kronolek*, lan *Sosiolek*. Panaliten iki kalebu ing panaliten deskriptif kualitatif. Metode deskriptif kualitatif yaiku panaliten kang mung adhedhasar kasunyatan-kasunyatan kang kanthi empiris tuwuh lan kedadeyan saka sumber dhata dijupuk saka dokumen kang awujud kiriman photo ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa. Teori interferensi lan integrasi yaiku saka (Aslinda 2014:24) minangka salah sawijine wujud pengaruh saka kontak basa kasebut.

Asil panliten iki ngandharake wujud variasi basa kang gegayutan karo pribadine panutur kayata umur, pendidikan, panggaweyan lan kahanan ekonomi. Anane alih kode intern lan ekstern, campur kode positif lan negatif. Saliyane iku uga tinemu unsur interferensi lan unsur integrasi.

Tembung Wigati: Variasi basa, Instagram, interferensi, integrasi, @pujangga_jawa

PURWAKA

Isine bab I iki yaiku (1) landhesane panliten, (2) underane panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedhahe panliten, (5) panjlentrehe tetembungan.

Lelandhesane Panliten

Bebrayan Jawa nggunakake basa minangka sawijining piranti kanggo guneman. Kanthi basa, saben wong bisa ngomongake kekarepane. Saliyane iku basa bisa kanggo ngomongake ide, pikiran, lan rasa batin marang wong liya. Basa bisa kanggo ngomongake rasa susah, seneng, menahi panemu nalika rapat. Saliyane basa minangka pirantine manungsa kanggo guneman, basa uga nduweni sipat konvensional. Sipat konvensional minangka sipat kang ana kesepakatan antar-penutur (Soeparno, 2002:2). Basa nduweni peranan kang wigati tumrape manungsa, utamane minangka alat komunikasi lan interaksine manungsa. Kanthi komunikasi, manungsa bisa medharake idhe-idhe, kawruh, gagasan, lan ngandharake apa kang ana ing pikirane. Pratelan iki padha karo panemune Keraf (1997:4) “Kanthi komunikasi kita bisa ngandharake kabeh apa sing dirasakake, dipikirake, lan kita ngerteni marang wong liya”.

Saliyane mangerteni sipate, basa uga nduweni fungsi. Dell Hymes ing Soeparno (2002:7-8) ngandharake yenta fungsi basa kaperang dadi telulas,

yaiku: (1) basa kanggo adaptasi karo norma-norma sosial, (2) basa kanggo ngomongake pengalaman ngenani kaendahan, kabecikan, luhuring bebuden, lan sakteruse, (3) basa kanggo ngatur kontak sosial, (4) basa kanggo ngatur tindak tandhuk, (5) basa kanggo ngatur tindak tandhuk marang wong liya, (6) basa kanggo ngomongake rasaning bathin, (7) basa kanggo menahi tandha ngenani hubungan sosial, (8) basa kanggo ngandharake pangaweruh ing sajabane basa, (9) basa kanggo menahi piwulangan ngenani kabisan lan katrampilan, (10) basa kanggo medharake basa, (11) basa kanggo nakokake apa wae marang wong liya, (12) basa kanggo ngadohake saka beban lan alasan, (13) basa kanggo ngomongake tindak tandhuk performatif.

Amarga basa minangka piranti guneman, mula basa kang dianggo umume nganggo basa daerah. Basa daerah kang ana ing Indonesia pancen akeh banget wernane. Salah sawijining yaiku basa Jawa. Basa Jawa minangka basa kang akeh dianggo masyarakat Jawa mligine Jawa Timur lan Jawa Tengah. Nalika ana guneman kang nganggo basa Jawa, saben daerah mesti nduweni ciri khas basa dhewe-dhewe. Mula pambedaning wilayah utawa daerah, bisa mbeda-bedakake basane wong. Kanthi gegambarane kaya mangkunu iki bisa mbuktekake basa minangka instrumen kang penting sajrone uripe manungsa bisa uga nggambarke etos lan

karakter pribadhi uga ukuran budaya masyarakat salah sawijine bangsa (Basir, 2016:3)

Saka pangerten iki mau ing babagan basa, ana istilah kang diarani *sosiolinguistik*. Sosiolinguistik minangka ilmu kang ngrembug babagan basa lan masyarakat (sosial). Tegese, basa lan masyarakat iku minangka sumbering objek masalah kang ana ing sosiolinguistik, kayata variasi basa, dialek, alih kode lan campur kode. Supaya analisis panaliten ora dadi akeh, mula ing panaliten iki mung ngrembug ngenani variasi basa.

Adhedhasar sarana kang digunakake, basa kaperang dadi lisan lan tulis. Saklorone nduweni titikan *khusus* kang bedha-bedha. Chaer (2007:47) ngandharake menawa basa lisan diandharake kanthi cara lisan lan disengkuyung dening *unsur-unsur suprasegmental* kayata *eskpresi wajah* lan *gesture*, dene basa tulis ora ngandhut *unsur suprasegmental*. Prodhuksi basa dening panutur kerep ngalami fenomena-fenomena kang narik kawigaten kanggo dijingglengi, salah sijine yaiku ngenani variasi basa. Medhia basa tulis akeh jinise tuladhane kanthi medhia majalah, koran, internet, spanduk, baliho, banner, lan sosial medhia kayata instragram. Mula subjek kang bakal dirembag ing panliten iki yaiku sosial medhia instagram @pujangga_jawa.

Ngrembug babagan basa ing masyarakat, peneliti akeh nemoni variasi basa Jawa kang dianggo masyarakat. Ing kene, panaliten njupuk data saka sosial medhia instagram @pujangga_jawa. Basa kang ana ing sosial medhia iku ora mung basa Jawa wae, nanging uga bisa ketambahan basa Indonesia utawa basa manca liyane, amarga wong kang aktif ing sosial medhia utamane ing instagram ora mung wong Jawa wae, nanging akun medhia sesial iki rata-rata wis sumebar lan akeh banget panganggone akun instagram ing donya.

Panaliten njupuk salah sawijine akun saka sosial medhia kang arupa instagram iki ing akune @pujangga_jawa amarga kiriman foto kang disebar ing akun kasebut wis akeh banget, lan sing melu ing akun kasebut uga wis akeh banget. Mula saka iku panliten bakal nlitine nganani variasi basa kang digunakake karo *admin* @pujangga_jawa. Sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa aktif wiwit taun 2015, unggahan kaping pisan yaiku 8 Mei 2015, nanging akun kasebut ngewiwiti nulis ngenani ukara kang dironce kanthi apik kang ditujukake kanggo pasemon kang nduweni variasi basa yaiku 16 November 2016. *Followers/pengikut* akun @pujangga_jawa jumlahe wis lumayan akeh, yaiku ana 2957 akun sosial medhia instagram kang aktif. Meh saben dina akun @pujangga_jawa iki ngirim foto kang arupa ukara kang nduweni variasi basa kang unik lan nduweni unsur interferensi lan integrasi ing njerone. Akun @pujangga_jawa iki ngirim gambar arupa ukara kang dironce kanthi apik nganggo basa Jawa, nanging uga ana saperangan sing nganggo basa campuran yaiku basa Jawa lan basa Indonesia. Dhata sing dijupuk ing panliten iki yaiku kiriman akun @pujangga_jawa wiwit 16 November 2016 nganthi kiriman 30 Desember 2017.

Basa kang digunakake karo *admin* sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa yaiku ngenani variasi basa kang ditulis yaiku tuladhane “*Sing berjuang,*

pangguh kalah karo sing ber-uang” saka tuladha kasebut ana variasi basa kang digunakake yaiku ana basa Indonesia lan basa Jawa kang digunakake kanthi bebarengan ing saukara kang padha. Saka ukara kasebut, ana tembung sing berjuang pangguh kalah karo sing ber-uang maksude yaiku wong sing nduweni daya juang isih pangguh kalah karo wong sing nduwe dhuwit. Tembung ber-uang maksude iku ukara kasebut yaiku nduweni ndhuwit luwih ora mung wani berjuwang wae. Ana variasi basa kang unik saka tembung kasebut yen wis dadi ukara. Saka variasi basa iki bisa nuwuhake persepsi kanggo wong kang maca, lan bisa kanggo nyemoni wong liya (Surana:2015). Maknane basa kasebut bisa dideleng saka panganggone basa kasebut.

Mula saka patuladhan ing dhuwur, bisa kadudut yenta variasi basa minangka alih tanda basa saka basa siji ing basa liyane kang ana ing wacana (Surana:2006). Sabanjure, variasi basa minangka alih tandhaning basa saka rong basa utawa luwih kang ana ing ukara. Mula saka iku, wujud lan alasan-alasan apa wae kang nyebabake variasi basa saka akun instagram @pujangga_jawa bakal dirembag ing panaliten iki.

Kaya dene andharan ing dhuwur, panaliten iki nganggo kajiyatan sosiolinguistik. Panaliten ngenani kajiyatan sosiolinguistik variasi basa sasuwene iki wis tau dikaji dening Mahasiswa Jurusan Basa Jawa, antarane: *Ragam Bahasa Pedagang Sayur di Pasar Bangun Sari Caruban* (Ikhwan, 2004), *Ragam Bahasa Berita Pojok Kulonan di JTV Surabaya* (Dwiani, 2006), *Ragam Bahasa Berita Pojok Kampung di JTV Surabaya* (Iriana, 2005). Amarga panaliten iki nganalisis ragam basa ing sajrone sosial medhia akun @pujangga_jawa durung nate dilakoni lan isih durung ana sing nлити ngenani akun kasebut.

Basa kang bakal diteliti ing kene yaiku variasi basa sajrone medhia sosial akun @pujangga_jawa. Sajrone akun kasebut narik kawigaten amarga, (1) tulisan akun @pujangga_jawa kuwi *unik*, amarga tetembungan kang dikirim iki bisa dadi medhia *komunikasi* kang nduweni unsur interferensi lan integrasi (2) sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa minangka basa kang manut pangrembakane jaman, mula panliten iki bisa dadi tenger yen variasi basa kang dititi ing panliten iki tau urip lan ngrembaka ing jamane, (3) sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa minangka basa kang apik yen diteliti sarta bisa nambah kawruh ing bab ilmu basa, (4) sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa kalebu objek basa kang nggunakake dialek kang maneka amarga nganggo variasi basa kang apik, (5) sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa iki wujud saka tuturan *creator* minangka panutur kang ngandharake idhe, *gagasan*, lan *informasi* marang mitra tutur utawa para pamaca, (6) panliten iki ngandharake *fenomena-fenomena* kang ana ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa uga wujud *protes*, *sindiran*, uga *kritikan* kang ana ing ukara sajrone postingan kasebut, (7) sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa iki diwedharake kanthi media kang asipat *ekspresif*, *kreatif* uga nyenengake para pamaca saengga bisa narik kawigaten tumrap para pamaca, (8) sosial medhia instagram akun

@pujangga_jawa iki salah sawijine piranti komunikasi kang efektif, amarga wacana sajrone kiriman akun kasebut gampang dingerteni dening pamaca, (9) pamaca panliten iki bisa mangerteni bab variasi basa lan sesambungane unsur interferensi lan integrasi .

Panaliten iki pancen narik kawigatane peneliti, amarga sasuwene iki durung ana panaliten ngenani variasi basa kang sumbere jupuk saka akun sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa. Amarga saka iku, panaliten iki diwenehi judul “Variasi Basa sajrone Medhia Sosial Instagram Akun @pujangga_jawa”.

Underane Panliten

Supaya panliten iki kalaksanaan miturut kang dikarepake lan sambung marang basane mula perlu njlentrehake bab undherane panliten kang bakal ditintangi kaya ing ngisor iki:

- (1) Apa wae jinise variasi basa kang ana ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa?
- (2) Kepriye unsur interferensi sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa?
- (3) Kepriye unsur integrasi sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa?
- (4) Apa tujuwan panganggone variasi basa sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa?

Ancase Panliten

Wondene ancas saka dianakake panliten ngenani variasi basa sajrone medhia sosial instagram akun @pujangga_jawa.

- (1) Mangerteni jinise ragam basa kang ana ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa.
- (2) Ngandharake unsur interferensi sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa.
- (3) Ngandharake unsur integrasi sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa
- (4) Mangerteni tujuwan panganggone ragam basa sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa.

Paedah Panliten

Asile panliten iki nduweni paedah kang bisa diperang dadi loro, yaiku paedah kang asipat teoritis lan paedah kang asipat praktis.

1. Paedah kang Asipat Teoritis

Asile panliten iki menahi sumbangan teoritis tumrap pangrembakane tetembungan ing basa Jawa. Saliyane iku asli panliten iki uga menahi sumbangan teoritis sajrone bidhang ilmu sosiolinguistik basa Jawa ngenani variasi basa sajrone akun sosial medhia @pujangga_jawa kang nduweni unsur interferensi lan integrasi .

2. Paedah Praktis

Asile panliten iki menahi sumbangan praktis yaiku dadi sumber pangrembakane materi pasinaon ing pawiyatan luhur mligine piwulang ngenani bidhang ilmu sosiolinguistik basa Jawa ngenani unsur interferensi lan integrasi variasi basa sajrone akun sosial medhia @pujangga_jawa.

Panjlentrehane Tembung

Sajrone panliten ilmiah, definisi operasional nduweni teges kang wigati banget amarga isine minangka katrangan ngenani tetembungan kang digawe sajroning panliten lan ora arang arupa tembung kang ora dingerteni

pamaca. Adhedasar saka kahanan iki mau mula bakal dijlentrehake pajlentrehane tembungantarane yaiku:

(1) Basa

Miturut Basir (2016:3) Basa yaiku minangka alat komunikasi sosial kang penting kanggo manungsa. Sajrone kagiyatane manungsa mesthi nganggo basa kanggo kapentinganane, tuladhane yaiku: pacaturan, urun rembug, ngongkong, mohon, lan marik perhatiiane wong liya supaya wong kang diajak pacaturan (mitra tutur) bisa mangerteni apa kang disampekake. Yenta cara nyampekake idhe lan pikiran iki ora bisa disampekake kanthi lancar, mula bisa nggunakake medhia liyane kanthi cara tulis, kaya kang wis ana ing basa surat, puisi, novel, utawa buku cathethan sabendina.

(2) Variasi Basa

Variasi basa yaiku wujud saka bagian utawa varian sajrone basa kang nduweni pola kang umume ana ing induk basa (Poedjosoedarmo sajrone Suwito, 1982:20). Hartman lan Stork (sajrone Chaer lan Agustina, 1995:81) mbedakake vaiasi basa adhedhasar cirine : a) geografi lan sosial panutur, b) medium kang digunakake, lan c) pokok wicara. Haliday mbedakake variasi basa adhedhasar cara nggunakake basa kang bisa diarani dialek lan register. Rumusan kang meh padha iki uga diandharake dening Alwasilah (1985:66) masiya panutur nggunakake bentuk kang beda-beda, nanging bentuk kasebut minangka salah sijine basa kang padha, yaiku idiolek, dialek sosiolek lan register/styl e (Surana, 2015).

(3) Medhia Sosial

Medhia sosial miturut Dailey (2009:3) yaiku konten online kang digawae kanggo nggunakake teknologi terbitan kang gampang banget diaksan lan bisa diukur. Paling penting saka tekhnologi iki yaiku anane pergeseran kanggo mangerteni pawongan , maca lan ngirim berita, lan uga nggolek informasi uga konten.

Medhia sosial yaiku manungsa kang bisa nularake idhe, kerja bebarengan, lan kolaborasi kanggo nyiptakake kreasi, pamikiran, debat, lan bisa nemokake pawongan kanggo mbangun komunitas, pamanggih kasebut diandharake dening (Antony Mayfield sajrone www.gurupendidikan.co.id dideleng tanggal 05 Desember 2017). Panemu liya yaiku diandhare yen medhia sosial minangka konten digital lan interaksi kang digunakake kanggo manungsa siji lan sijine (Sam Decker sajrone www.gurupendidikan.co.id dideleng tanggal 01 Desember 2017).

Medhia sosial miturut Aditya Firmansyah (2010:10) yaiku situs jejaring sosial minangka salah sawijine situs kang nduweni fungsi kanggo pelayanan uga bisa kanggo ndeleng profil, ndeleng list panganggo liyane, ngundhang lan nrima kanca kanggo gabung sajrone situs kasebut. tampilan saka jejaring sosial iki yaiku bisa kanggo ndeleng profil panganggone kang ana identitas dhiri lan foto panganggone kasebut.

(4) Instagram

Instagram yaiku salah sawijine aplikasi kanggo njupuk foto, ngerapake foto kang ana filter digital, lan uga kanggo ngirim foto ing layanan jaringan sosial liyane (www.muztajib.wordpress.com dideleng tanggal 01 Desember 2017).

Instagram miturut Sherief (2014:47) yaiku minangka aplikasi ing jejaring sosial kang arupa isntagram iki nduweni fungsi khusus yaiku kanggo ngirim foto, instagram iki nduweni ciri khas kang narik kawigaten yaiku ana ing icon kang mirip karo Kodak Instamatic lan Polaroid, sing saiki luwih asring digunakake nganggo kamera kang ana ing ponsel/hp.

(5) Interferensi

Alwasilah (1985:132) ngandharake yen sejatine interferensi yaiku anane saling pengaruh basa siji lan sijine. Pengaruh kasebut ana ing bentuk kang paling sederhana kang arupa salah sawijine unsur saka basa kang digunakake kanggo hubungan ing basa liyane (Surana, 2017). Pengaruh antar basa iku bisa arupa pengaruh kabiasaan saka basa pertama (basa ibu) kang wis dikuwasai dening panutur sajrone basa kaloro.

(6) Integrasi

Intergrasi yaiku unsur-unsur basa liya kang digunakake sajrone basa tertamtu kang dianggep dadi warga basa kasebut (Mackey sajrone Chaer lan Agustina, 1995:168).

(7) Sociolinguistik

Istilah sociolinguistik yaiku cara sajrone ngadepi keragaman basa minangka akibat saka peran sosial manungsa sajrone lingkungan masyarakat (Basir, 2016:7)

Wewatesane Panliten

Wewatesan panliten iki nduweni piguna supaya objek panliten bisa luwih fokus lan panjlentrehe pas kaya apa kang dadi underaning panliten. Wewatesane panliten iki mung sewates ngandharake aspek basane, variasi basa, unsur interferensi, unsur integrasi lan alesan panganggone variasi basa kang ana ing sajrone medhia sosial instagram akun @pujangga_jawa.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tintingan kapustakan mujudake tahap kang wigati sajrone apa kang arep ditindakake dening panliti sajrone panliten. Tintingan kapustakan iki isine yaiku ngemot teori-teori kang digunakake minangka penunjang sajrone panliten. Bab kang bakal diandharake sajrone tintingan kapustakan iki yaiku panliten sadurunge kang saemper, teori kang cundhuk karo panliten kang arep ditliti lan lelandhesane teori.

Panliten Saemper

Panliten kang ngliti variasi basa Panliten ngenani sastra bandhingan wis lumayan akeh ditliti dening mahasiswa jurusan basa Jawa ing Unesa. Panliten sadurunge sing saemper bisa didadekake referensi, amarga bisa menehi pamawas ngenani bab kang bakal ditliti. Panliten sdurunge ngenani variasi basa yaiku *Ragam Bahasa Pedagang Sayur di Pasar Bangun Sari Caruban* (Ikhwan, 2004), *Ragam Bahasa Berita Pojok Kulonan di JTV Surabaya* (Dwiani, 2006), *Ragam Bahasa Berita Pojok Kampung di JTV Surabaya* (Iriana, 2005).

Saliyane iku ana uga panliten ngenani variasi basa dening Dwi Retnaningsih (2008) kanthi irah-irahan “Ragam Basa Teks Lagu Campur Sari Anggitane Joko Jogger lan Endah Koeswanto” ancas saka panliten iki kanggo ngaweruhi wujud ragam basa, alih kode, lan

campur kode sajrone teks lagu campur sari anggitane Joko Jogger lan Endah Koeswanto. Panliten kasebut nggunakake tintingan sociolinguistik. Asil saka panliten iki yaiku ragam campuran sing digunakake dening Joko Jogger lan Endah Koeswanto kanggo nganggit lelagon campur sari. Ragam campuran sing dienggo ing antarane yaiku ragam basa ngoko lan basa dialek Surabayan. Alih kode sing dienggo ana loro. Alih kode intern lan ekstern. Alih kode intern dumadi saka alih ragam ngoko-krama lan ragam basa krama-ngoko. Campur kode sing dienggo ana loro yaiku campur kode positif lan negatif.

Panliten ngenani ragam basa liyane uga nate dilakoni dening Lia Rusdiana (2015) kanthi irah-irahan “Ragam Basa Sajrone Buku Kidung-Kidung Kesucian ing Mangkujaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi” ancas saka panliten kasebut yaiku ngaweruhi wujud variasi basa sajrone buku kidung kesucian.

Saka panliten Bagus Akbar Gumelar (2017) kanthi irah-irahan “Ragam Basa sajrone Pacaturan Dol Tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo Kutha Surabaya” yaiku ngenani wernane basa, panliten ngandharake wujud sosiolek lan ideolek sajrone pacaturan dol tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo kutha Surabaya.

Adhedhasar panliten sing wis tau ditindakake sadurunge, mula panliten iki pancen narik kawigatene peneliti, amarga sasuwene iki durung ana panaliten ngenani variasi basa kang sumbere jupuk saka akun sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa. Amarga saka iku, panaliten iki diwenehi judul “*Variasi Basa sajrone Medhia Sosial Instagram Akun @pujangga_jawa*” nganggo tintingan sociolinguistik. Mula saka iki, panliten diajab bisa njlentrehake ngenani variasi basa kang ana ing medhia sosial instagram akun @pujangga_jawa.

2.2 Basa ing Bebrayan

Basa yaiku alat kanggo komunikasi antarane wong siji lan sijine. Saben dina lan ana ngendi wae, manungsa mesti nganggo basa. Ing kantor, sawah, sekolah, malah ing panti-panti tuna wicara. Kanthi basa, manungsa bisa guneman karo wong liya. Basa ora mung kaucapa saka lambe thok, naning uga saka solah bawa. Mula, basa nduweni fungsi kang penting kanggo manungsa. Kita kabeh wus weruh yen manungsa iku minangka *makhluk individu* kang karangkep dadi *makhluk sosial*. Antarane siji lan sijine, manungsa mesti mbutuhake pitulungan marang wong liya. Amarga saka iku, ing kene basa nduweni fungsi kang penting kanggo manungsa supaya bisa guneman marang liyan.

Miturut Pateda (1994:4), ngandharake yen basa iku minangka piranti basa kang manteb kanggo guneman ing masyarakat. Masalah iki tuwuh amarga basa minangka salah sawijining pirantining komunikasi. Dadi bisa kadudut yenta basa iku minangka dalan kang cocog kanggo guneman karo wong liya, najanta basa iku ana kang awujud solah bawa. Panemu liyane Keraf (1997:1) ngandharake yenta basa minangka piranti ing masyarakat kang arupa simbul swara lan kasil saka lambe.

Beda maneh karo panemune Chaer (2007:11) kang ngandharake yen basa iku minangka wujud sistem, tegese basa iku kedadeyan saka komponen kang polane

kanthi tetep lan bisa dikaidahke. Dadi sistem basa iku bisa arupa tandha-tandha awujud swara utawa guneman. Semana uga, Chaer (2007:14) uga menehi panemu maneh ngenani basa yaiku sistem tandha kang arupa swara, sipat arbriter, produktif, dinamis, lan manusiawi.

Amarga masyarakat minangka wong kang nggunakake basa, mula basa saben dina mesti ana pangrembakane. Perkara iki mratandhani yen basa nduweni ciri kang manteb lan dinamis (Chaer, 2007:250).

Tingkat Tutur

Ngrebug ngenani tingkat tutur basa (undha usuk) ing masyarakat jawa, tingkat tutur kaperang dadi telu, yaiku tingkat tutur ngoko, tingkat tutur krama, banjur tingkat tutur madya. Basa ngoko minangka basa kang dianggo antarane wong tuwa marang wong enom, antarane wong tuwa karo anake, senajan ing kasunyatane jaman saiki, akeh wong tuwa kang nganggo basa krama marang wong enom (Surana, 2007). Nanging, umume basa ngoko iki dianggo antarane wong tuwa marang sing enom, becik iku wong liya utawa anake dhewe.

Basa krama, minangka basa kang dianggo antarane wong enom marang wong tuwa. Dadi, bisa kadudut yenta basa iki kosok balene basa ngoko. Padha karo basa ngoko, basa krama ora mesti dianggo antarane wong enom marang wong tuwa. Kasunyatane, jaman saiki akeh anak kang ora basa krama karo wong tuwane, wong enom ora krama karo tanggane lan karo wong liya kang luwih tuwa. Nanging, umume basa iki kanggo antarane wong enom marang wong tuwa.

Sabanjure yaiku basa madya. Basa iki minangka tingkat tutur antarane krama lan ngoko (Poejosoedarma, 1979:15). Dadi bisa kadudut yenta basa iki minangka basa campuran antarane ngoko lan krama, kang dianggep luwih alus.

Dwibasa

Tandha-tandhaning alih kode lan campur kode katon ing masyarakat kang dadi dwibahasawan. Amarga saka iku, andharan ngenani alih kode lan campur kode ora bisa uwal saka masalah dwibasa.

Dwibasa ing istilah Inggris diarani *bilingualisme*. *Bilingualisme* bisa ditegeske yaiku perkara sing kang gegayutane karo panganggone rong basa utawa rong kode basa (Chaer, 2007:84). Beda maneh karo panemune Nababan (1993:27), kang ngandharake *bilingualisme* minangka kabiasaan wong kang nggunakake rong basa wektu interaksi karo wong liya. Dadi, yen kita weruh ana wong nggunakake rong basa ing gunemane, negesake yen dheweke wus nganggo *bilingualisme* utawa dwibasa.

Dwibahasawan nduweni syarat-syarat kang kudu dimangerteni marang sakabehe. Haugen lan Anwar S.Dil (1972) ing Basir (2016:24), nduweni syarat-syarat kang ana ing dwibahasawan. Saben dwibahasawan ora perlu kudu bisa nganggo rong basa, nanging mung nganggo wawasaning dhewe ngenani basa-basa kang dikarepake. Semono uga jarak panguwasan kanggo dwibahasawan uga ngenani dialek-dialek saka siji basa. Haugen uga nyaranake supaya saben dwibahasawan minimal kudu nduweni sipat saguh supaya ngasilake makna guneman kang lengkap saka basa liya (dudu basa asli).

Akehe panemu ngenani dwibasa ing dhuwur, ora ndadekake para ahli basa gumreget. Amarga, saben manungsa nduweni daya cipta, rasa lan karsa dhewe-dhewe. Malah, ana panemu maneh saka Mackey (1967) ing Basir (2016:25), kang ngandharake dwibasa kaperang dadi limang masalah, yaiku: (1) tingkat dwibasa, (2) fungsi dwibasa, (3) proses alih dwibasa, (4) model interfrensi, (5) sipat dwibasa.

Ana ing masyarakat *bilingual* mesti ana kontak basa antarane basa siji ing basa liya. Kahanan kang kaya mangkene iki nyebabake gegayutan kang kuwat. Tegese, wong ora bakal nganggo basa siji ing masyarakat amarga ing masyarakat iku akeh wong kang saka daerah liya. Perkara iki bisa nyebabake tandha-tandha ing studi *sosiolinguistik* kang kasebut tandhaning alih kode lan campur kode.

Variasi Basa

Variasi basa nduweni teges maneka warna kang disebabake amarga anane panutur sing ora homogen lan amarga manekawarna interaksi sosial sing dilakoni (Chair, 2004:61). Anane panutur sing hiterogen lan maneka warna interaksi sosial sing dilakoni ndadekake variasi tuwuh ing masyarakat.

Nganti tuwuh warna-wernane basa yaiku basa kang dienggo dening kelompok masyarakat kanggo sesrawungan lan cecaturan, lan amarga masyarakat kanggo sesrawungan lan cecaturan, amarga kelompok masyarakat mau maneka warna ana lanang ana wadon, ana nom-noman lan ana sing luwih tuwa, ana wong tani lan ana pejabat, ana sing sekolah lan uga ana sing ora sekolah, cekak tembung masyarakat padha sesrawungan nggunakake basa kanggo saben keperluan (Kridalaksana ing Kushartanti, 2005:5)

Variasi basa diperang dadi rong pandhangan yaiku: (1) variasi basa utawa variasi bisa disebabake amarga ana keragaman sosial panutur lan keragaman fungsi basa kuwi dhewe, yenta penutur basa kuwi kelompok sing beda-beda merga suku, status sosial lan pakaryane, (2) variasi basa utawa wis ana interaksi ing masyarakat (Chaer, 2004:81). Variasi basa tuwuh amarga anane dialek sing dianggo ing masyarakat. (Pateda ing Basir, 2016:40) merang patang alasan metune variasi basa yaiku: (1) merga umur sing padha, (2) pengalaman kanggo ngadhepi masalah, (3) status sosial, (4) merga ana tujuan sing beda.

Sejene maneh miturut, Chaer (2004:62) merang ragam basa adhedhasar penutur lan panganggone. Adhedhasar penutur ateges sapa sing nggunakake basa, ana ing ngendi omahe, kepriye kalungguhane ing masyarakat, apa jinis kelamine lan kapan digunakake, menawa adhedhasar panganggone ateges basa mau digunakake kanggo apa, ing bab apa, apa jalur lan pirantine, lan kepriye *situasi formale*.

Wernaning basa mau tuwuh uga bisa amarga *status sosial, golongan, lan kelas panutur sosiolinguistik* (Surana, 2015). Amarga variasi basa iki ana gegayutan karo pribadine panutur kayata umur, pendidikan, panggaweyan lan kahanan ekonomi. Dijangkepi karo panemune Chaer Agustina (2010:62-68) ngandharake yen variasi basa mau bisa dumadi saka segi panutur kuwi

diperang dadi papat yaiku *Idiolek, Dialek, Kronolek*, lan *Sosiolek*.

1. Ideolek

Ideolek yaiku variasi basa kang asipat individu, variasi bakal nuwuhake ideolek, yaiku anane wernane swara kang bedha, gayane pocapan, reroncene tetmbungan, lsp. Titikane ideolek yaiku mung krungu swara tanpa ndeleng praupane.

2. Dialek

Dialek yaiku variasi basa saka sakelompok pawicara kang jumlahe ora tentu, kang dadi pambedha yaiku panganan wilayah, utawa area khusus. Dialek dikenal kanthi umume dialek areal, dialek regional, dialek geografis.

3. Kronolek

Kronolek utawa *dialek temporal* yaiku variasi basa kang digunakake dening kelompok sosial kang ana ing jaman khusus.

4. Sosiolek

Sosiolek utawa *dialek sosial* yaiku variasi basa kang gumantung saka status, golongan, lan kelas sosial. Anane bedhane yaiku ana ing penggaweyan, *profesi*, jabatan, kang bisa didadekake faktor pambedhane. Saemper karo variasi basa kang dipribawani karo penggaweyan, tingkatan, lan golongan mula tuwuh maneh variasi basa kang umum ing bebrayan yaiku *Akrolek, Basilek, Fulgar, Slank, Kolokial, Jargon, Argot* lan *Ken* (Chair, 2004:66-68)

Ing masyarakat *bilingual* asring kedaden kontak basa kang bisa ndadekake tandha-tandhaning alih kode yaiku pindhahing siji kode ing kode liyane. Pateda (1994:85), ngandharake alih kode minangka pindhahane guneman saka kode siji ing kode liyane. kode ing kene tegese minangka tandha pindhahane basa siji marang basa liyane. Kayata basa Indonesia ing Jawa uga suwalike. Semono uga, Chaer (2007:107) ngandharake alih kode minangka kedadeyan pindahe basa utawa owahing saka ragam santai dadi ragam resmi utawa suwalike. Saben wong kang *bilingual*, umume nganggo unsur basa liyane. Masalah iki ana amarga alasan-alasan tartamtu kang bisa ndadekake alih kode iku. Saliyane iku kanggo nggampangake guneman antarane panutur lan mitra tuture.

Panemu liyane (Apple, 1976:99) ing Basir (2016:76) ngandharake alih kode minangka kedadeyan pindhahing kode siji ing kode liyane. Panutur basa ing masyarakat iki ora mungkin nganggo siji basa kanthi bener. Panutur ing masyarakat iki mesti uga akeh kang ngebokake basa liyane. Apple ing Chaer (2004:139) uga ngandharake alih kode kanthi “tandha-tandha pindhahing basa amarga owahing kahanan”. Upamane, pindhahane basa Jawa ing basa Indonesia, yen ana panutur lan mitra tuture lagi guneman nganggo basa Jawa, dumadakan katekan wong liya kang ora ngerti basa Jawa. Mula kanthi rasa sosial, wong iku kudu ngganti basane saka Jawa ing Indonesia. Tekane wong liya mau kang diarani owahing kahanan utawa *situasi*. Amarga saka iku, alih kode iki nduweni fungsi kang kaaran *fungsi sosial*.

Saka panemu-panemu ahli *sosiolinguistik* kang wus kasebut ing dhuwur, mula intine alih kode yaiku kedadeyan ing guneman kang ngandharake ngenani

pindhahing basa saka basa siji ing basa liyane. Pangerten-pangerten ngenani variasi basa kang diandharake dening para ahli *sosiolinguistik* ing dhuwur, pancen akeh banget. Akehe panemu ing ngenani alih kode lan campur kode, peneliti ora nggango kabeh ing panaliten iki.

Wujud Variasi Basa

Variasi basa bisa dideleng saka wujud basa asale yaiku saka basa mayor kang bisa nduweni tandha asale saka panutur (Poedjosoedarmo sajrone Basir, 2016:53). Saliyane iku uga anane pambada saka dialek kang nduweni gayutan karo sisih feonetik, fonologi, struktur ukara lan unsur leksim kang ora ana ing bab semantik (Halliday sajrone Basir, 2016:53).

Alasan Variasi Basa

Variasi basa yaiku wujud saka bagian utawa varian sajrone basa kang nduweni pola kang umume ana ing *induk* basa (Poedjosoedarmo sajrone Suwito, 1985:20). Hartman lan Stork (sajrone Chaer lan Agustina, 2004:62) mbedakake variasi basa adhedhasar cirine : a) geografi lan sosial panutur, b) medium kang digunakake, lan c) pokok wicara. Haliday mbedakake variasi basa adhedhasar cara nggunakake basa kang bisa diarani dialek lan register. Rumusan kang meh padha iki uga diandharake dening Alwasilah (1985:66) masiya panutur nggunakake bentuk kang beda-beda, nanging bentk kasebut minangka salah sijine basa kang padha, yaiku *idiolek, dialek sosiolek lan register/style*.

Sajrone proses komunikasi kang sejati yaiku, panutur basa ora ana ing salah sijine ragam/dialek tartamtu. Amarga saben-saben panutur bisa nduweni kelompok sosial lan urip ing papan lan wektu tartamtu (Surana, 2015). Mula saka iku, bisa dipastikake saben panutur nduweni rong dialek, yaiku dialek sosial lan dialek regional temporal. Chaer lan Agustina (2004:62) mbedakake variasi basa ing antarane:

- (1) sisih panutur
- (2) sisih panganggone
- (3) sisih keformalan, lan
- (4) sisih sarana.

Alih Kode

Alih kode yaiku kahanan kang ngandharake anane owah-owahan basa kang digunakake dening pamicara saka basa siji marang basa liyane. Nanging, alih kode ora mung owah-owahan basa siji marang basa liyane, ana uga owah-owahan antarane varian basa, antar ragam, antar register, lan antar dialek, lan lelewane basa (Basir, 2010:76).

Miturut Basir (2010:76) ana rong titikan sajrone alih kode yaiku (1) saben basa isih nyengkuyung fungsine minangka alat komunikasi lumantar konteks, (2) fungsi basa dikarepake marang kahanan situwasi sing relevan kanthi anane owahane konteks. Alih kode ora mung kedadean saka antarane basa, nanging bisa kedadean ing antarane ragam-ragam ing sawijine basa (Chaer, 2010:42). Miturut Soewita sajrone Chaer (2004:114) alih kode ora mung kedadean antarane basa, nanging bisa uga kedadean ing antarane ragam-ragam basa kang ana ing sawijine basa, lan bisa diperang dadi loro yaiku alih kode intern lan alih kode ekstern. Tegese alih kode intern yaiku alih kode kang kedadean ing basane dhewe, kayata basa Indonesia ing basa Jawa

utawa suwalike kode ekstern kadadean ing basane dhewe marang basa asing.

Campur Kode

Campur kode saemper karo alih kode amarga kalorne nggunakake rong basa utawa luwih, nanging sejatine campur kode lan alih kode iku beda. Miturut Basir (2010: 78) alih kode luwih nengenake saka fungsine konteks lan relevansi situwasi minangka titikan. Campur kode yaiku proses panganggone rong basa utawa luwih kanthi nuwuhake unsur-unsur basa siji menyang basa liyane ing saklause lan kanthi kawatesan tembung utawa gatra (Kachru lan Thelander ing Basir, 2010:79), alesan anane campur kode yaiku pamicara pengin ngasilake kahanan informal utawa santai mula pacaturan bisa kalangsungan tanpa ana beban. Saka aspek nile sumbanga (kontribusi), campur kode diperang dadi loro yaiku (1) campur kode positif, lan (2) campur kode negatif.

Interferensi

Anane kontak basa, bisa nduweni akibat anane pengaruh ing antarane basa-basa kang kontak, yaiku kontak basa sajrone basa Minangkabau lan Basa Indonesia ing Minangkabau (Aslinda 2014:24) minangka salah sawijine wujud pengaruh kasebut yaiku interferensi lan integrasi.

Sejatine, interferensi lan integrasi nduweni pangerten kang padha, yaiku prastawa panganggone unsur basa sajrone unsur basa liyane sajrone dhiri panutur (Surana, 2007). Nanging, kalorne iki perlu dibedakake amarga interferensi dianggep minangka gejala tutur (speech, parole) kang dumadi saka dwibahasawan lan anane prastawa kang bisa diarani nyimpang amarga wis gumathuk lan wis bisa ditrima dening masyarakat. Interferensi iki ora perlu dumadi amarga unsur kang wis ana sajrone basa panyerap.

Batasan pangerten interferensi miturut (Weinreich sajrone Aslinda, 2014:66) yaiku panyimpangan-panyimpangan saka norma-norma salah sawijine basa kang dumadi sajrone tuturan para dwibasawan minangka akibat saka pengenalan luwih saka siji basa, yaiku minangka asil saka kontak basa. Saliyane iku uga diandharake dening (Alwasilah sajrone Aslinda, 2014:66) ngandharake yen sejatine interferensi yaiku anane saling pengaruh antar basa. Pengaruh kasebut ana ing bentuk kang paling sederhana kang arupa salah sawijine unsur saka basa kang digunakake kanggo hubungan ing basa liyane. Rumusan kasebut uga dibenerake dening (Lado lan Sunyono sajrone Aslinda, 2014:66) pengaruh antar basa iku bisa arupa pengaruh kabiasaan saka basa pertama (basa ibu) kang wis dikuwasai dening panutur sajrone basa kaloro.

Miturut Aslinda (2014:66) pangerten interferensi sakupenge panganggone unsur kang kagolong sajrone basa wektu kanggo wicara ing basa liyane lan bisa ngetrepake rong sistem basa sacara bebarengan marang salah sawijine unsur basa, bisa nuwuhake akibat kang arupa panyipangan saka norma saben-saben basa kang dumadi sajrone tuturan dwibahasawan.

Jinis Interferensi

Interferensi bisa wae ana ing kabeh tuturan basa lan bisa dibedakake sajrone jinis-jinis kang beda. Weinreich (1953:39) ngeidentifikasine ana patang jinis interferensi kaya ing ngisor iki:

1. pamindahan unsur saka salah sawijine basa marang basa liyane
2. ngrubah fungsi lan kategori unsur amarga anane proses pamindahan
3. pangetrepan unsur-unsur kang ora lumaku ing basa kaloro sajrone basa pertama
4. ora nggatekake struktur basa kaloro amarga ora ana pepadhan sajrone basa pertama.

Saka panemu liyane, (Suwito sajrone Aslinda, 2014:67) njlentrehake yenta interferensi iki bisa dumadi sajrone kabeh komponen kebahasaan, yaiku bidhang tata swara, tata tembung, tata ukara, lan tata makna. Saliyane iku, ana panemune (Weinreich sajrone Aslinda, 2014:67) uga mbage bentuk-bentuk interferensi dadi telong bagean, yaiku interfensi fonologi, interferensi leksikal, lan interferensi gramatikal.

Alasan Interferensi

Interferensi morfologi sajrone basa Indonesia bisa wae dumadi ing kabeh golongan masyarakat, yaiku wong kang nduweni pendhidhikan kang luwih utawa wong kang ora nduweni pendhidhikan, masyarakat desa utawa masyarakat kutha kang uga ana sajrone suasana resmi utawa ora resmi (Surana, 2017). Masiya wong Jawa wis mrantau suwe, nanging isih asring dumadi interferensi dajrone prastawa tuturane.

Miturut Aslinda (2014:83) Interferensi iki dumadi sajrone prastawa tutur kang ora bisa diilangake, nanging jumlahé bisa diatasi. Luwih dhuwur tingkat pendhidhikane pawongan, mula malih maju ekomonine, yen kurang tingkat pendhidhikane bisa ngasilake interefernsi amarga kahanan kasebut pawongan nuntut supaya bisa nggunakake basa kang apik lan bener.

Integrasi

Intergrasi yaiku unsur-unsur basa liya kang digunakake sajrone basa tertamtu kang dianggep dadi warga basa kasebut (Mackey sajrone Chaer lan Agustina, 1995:168). Panriman basa liyane sajrone basa tartamtu iki bisa dadi nduweni status liya kang merlukake wektu dawa. Proses panriman unsur basa liya iki khususé unsur tetembungan sajrone basa Indonesia ing wiwitan dilakokake kanthi cara audial. Artine, mula-mula panutur basa Indonesia iki ngerungokake butir-butir leksikal kang dituturake dening panutur asline, banjur dheweke nyoba kanggo nggunakake (Chaer lan Agustina, 2004:160). Apa kang dirungokake kuping, bab iki mau uga kang diomongake banjur di tulisake. Amarga, tetembungan kang bisa ditrima kanthi cara audial bisa wae nduweni ciri kang ora teratur yen dibandhingake karo tetembungan kang asli.

Landhesan Teori

Akehe panemu ing dhuwur, ing panaliten iki ora bakal kanggo kabeh panemu-panemu iku. Kanggo nganalisis alih kode lan campur kode, panaliten iki nganggo teorine Chaer (2010) lan suwito (1985), kang ngandharake wujud alih kode lan campur kode kaperang dadi loro, yaiku ekstern lan intern. Kang wujud intern

minangka wujud saka basa daerah ing basa Indonesia, banjur wujud ekstern, minangka wujud saka basa daerah utawa Indonesia ing basa asing. Saliyane iku uga nganggo teori Interferensi lan Integrasi miturut teorine Aslinda (2014:83) interferensi bisa nduweni pangribawa tumrap unsur basa kang bisa nyebabake panyimpangan norma basa sajrone tuturan dwibahasawan, lan integrasi minangka proses panrimane unsur basa liya sajrone salah sawijine basa tartamtu.

Amarga data ing panaliten iki basa nganggo basa Jawa, mula wujud kang bakal kaanalisis ing panaliten iki yaiku Jawa ing Indonesia lan Jawa ing Asing. Saka asile analisis bakal diandharake ngenani variasi basa kang ngandhut unsur interferensi lan integrasi sajrone dhata kang ana ing akun sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa.

METHODENE PANLITEN

Ancangan Panaliten

Ing saben panaliten, salah sawijining tahap kang penting yaiku metode panaliten. Diarani penting amarga metodhe iku minangka piranti kang wus dipilih panulis kanggo panaliten, supaya asiling panaliten bisa ditanggung jawabake ing ngarepe dewan penguji. Miturut Hasan lan Koentjaningrat (1976:16) ing Kesuma (2007:1), metode ngemot masalah tata cara pakaryan, yaiku cara pakaryan kanggo mangerteni objek ilmu kang ana gegayutane. Saliyane metode, ana istilah teknik lan prosedur. Yen teknik ngemot masalah metode kang cocog karo piranti sarta sipat alat kang dianggo, dene prosedur ngemot masalah urutan tata cara nganggo teknik (Sudaryanto, 1993:26). Mula, metode minangka cara kang kudu dilakoni, dene teknik yaiku cara nglakoni metode. Sahingga minangka cara, metode katemtokake karo piranti kang dianggo (Sudaryanto, 1993:9).

Panaliten iki kalebu ing panaliten deskriptif kualitatif. Metode deskriptif kualitatif yaiku panaliten kang mung adhedhasar kasunyatan-kasunyatan kang kanthi empiris tuwuh lan kedadeyan saka sumbering omongan utawa penutur (Sudaryanto, 1993:62).

Metode iki nduweni telung paedah, antarane (1) metode iki gampang yen adhepan karo kasunyatan ganda, (2) metode iki ngandharke kanthi langsung antarane peneliti karo responden, (3) metode bisa cepet adaptasi karo pangaruh sing kuwat lan pola-pola nilai kang diadhepi.

Dhata lan Sumber Dhata Panliten

Sumber dhata lan dhata panliten minangka perangan sing ora bisa diilangi. Perangan iki wigati banget tumrap panliten. Sumber dhata lan dhata bakal diandharake ing ngisor iki.

Sumber Dhata

Sumber dhata ing saben panaliten dadi salah sawijining perangan panaliten kang nduweni peran penting kanggo nganalisis dhata. Dadi, antarane panaliten lan sumber dhata duweni gegayutan kang kuwat. Tegese, saben panaliten iku mesti mbutuhake sumber dhata. Dadi intine panaliten iku ora bakal kalaksanan yen ora ana sumber dhatane. Sabanjure sumber dhata ora bakal ana yen panaliti ora golek infomasi utawa katerangan.

Sumber dhata kang nomer siji ing panaliten kualitatif yaiku tembung-tembung lan tindak-tandhuk, liyane dhata tambahan kayata dokumen.

Saka andharan ing dhuwur, sing diarani sumber dhata yaiku subjek saka ngendi dhata bisa kajupuk. Yen panaliti nganggo kuesioner utawa wawancara nalika nglumpukake dhata, mula sumber dhatane kaaran responden utawa wong kang njawab pitakonan utawa menahi dhata, becik ing tulis uga pangucapan (Arikunto, 2010:107).

Saka panemu ing dhuwur, mula sumber dhata ing panaliten iki dijupuk saka materi kang arupa tembung, ukara lan istilah. Sumber-sumber dhata kang wus kasebut iku kajupuk saka *medhia sosial akun @pujangga_jawa*. Akun @pujangga_jawa iki ngirim gambar arupa ukara kang dironce kanthi apik nganggo basa Jawa, nanging uga ana saperangan sing nganggo basa campuran yaiku basa Jawa lan basa Indonesia. Dhata sing dijupuk ing panliten iki yaiku kiriman akun @pujangga_jawa wiwit November 2016 nganthi kiriman 30 Desember 2017.

Dhata Panliten

Dhata yaku katerangan-katerangan ngenani salah sawijine bab, kang bisa nduweni makna. Dhata minangka sekabehane fakta lan angka kang bisa didadekake bahan kanggo nyusun informasi, kamangka informasi kasebut minangka asil saka pengolahan dhata kang digunakake kanggo kaperluan (Arikunto, 2010:110). Dhata panliten yaiku awujud frasa kang wis ditulis dening akun @pujangga_jawa kang didadekake foto banjur dikirim ing akun kasebut. Dokumen foto tulisan kasebut ngandhut aspek ragam basa, unsur interferensi lan unsur integrasi kang bisa dianalisis kanthi tintingan sosiolinguistik.

Instrumen Panliten

Instrumen ing panaliten iki uga nduweni peran utawa fungsi kang penting banget. Instrumen iku minangka alat utawa piranti kanggo njupuk dhata panaliten. Miturut Arikunto (2010:126), ngandharake yen instrumen minangka pirantining panaliten supaya metode-metode kang dianggo cocog lan gathuk. Nanggapi panemu iki, supaya dhata dadi lengkap mula instrumen kang dianggo panaliten uga kudu lengkap. Amarga saka iku panaliten iki nganggo rong instrumen, yaiku instrumen utama lan panyengkuyung. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang golek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten. Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki iki awujud piranti kang bisa nyengkuyung anggane panliti nglumpukake dhata.

Panaliten kualitatif, panliti tumindak minangka instrumen utama minangka pawongan kang nggolek lan njlentrehake dhata. Dene piranti panyengkuyung kang digunakake panliten iki antarane: (1) Medhia sosial akun instagram, (2)Hp kanggo golek dhata, (3)Dokumen foto arupa dhata, (3)Buku cathetan, (4)Leptop kanggo nulis asile panliten.

Teknik Ngumpulake Dhata

Sudaryanto (1993:9) ngandharake yen metode lan teknik padha-padha nduweni teges cara. Nanging bedane, yen metode minangka cara kang kudu dianggo, dene teknik minangka cara kanggo nglakoni metode. Ing

panaliten iki dhatane dijupuk saka sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa lan metode kang dianggo ing panaliten iki yaiku teknik dokumentasi. Panliten ngumpulake dhata saakehe-akehe saka sumbering panliten. Teknik dokumentasi iki mau kalebu ana ing metode nyemak. Teknik simak yaiku peneliti minangka instrumen kunci kudu nyimak kanthi langsung, teliti saka dhatane kang arep diteliti (Subroto, 412). Mahsun (2007:92) ngandharake yenta diarani metode simak amarga cara kang digunakake kanggo ngolehake dhata, kalakon kanthi nyemak basa kang wus diomonge. Metode iki nduweni teknik dasar dokumentasi, kang tegese kanggo ngolehke dhata, panaliti kudu ngumpulake dokumen saka asile *screen shoot* saka kiriman foto akun @pujangga_jawa. Dadi ing kene bisa kadudut yenta basa kang bisa didokumentasi iku arupa kiriman foto kang awujud ukara kang ditulis.

Saka dokumen kang arupa *screen shoot* iki, mula panaliten iki nganggo cara dokumentasi kanthi njupuk foto, amarga dhatane kajupuk saka kiriman foto saka medhia sosial akun @pujangga_jawa. Mahsun (2007:94) ngandharake yen ing panaliten basa, becik ing bidang linguistik teoretis utawa interdisipliner, metode dokumentasi iki nduweni fungsi kang penting kanggo ngecek maneh basane wong kang dadi dhata panaliten. Wus akeh ing panaliten basa, upamane bidang dialektologi, amarga alasan tartamtu upamane isin amarga basane ora standar utawa baku banjur informan mau ngomong nganggo basa kang standar. Kanggo ngatasi perkara iki, mula panaliti bisadokumentasi foto kang dijupuk saka akun kasebut.

Teknik catet utawa dokumentasi yaiku teknik nyatet dhata-dhata kang penting (Mahsun,2007:93). Teknik catet ing panaliten iki ditulis ing kartu dhata sabanjure kabentuk klasifikasi. Yen panaliti ora bisa nyatet, panaliti bisa nganggo teknik rekam (*Screen shoot*). Subroto (1992:36) ngandharake yenta teknik rekam utawa dokumentasi iki minangka alat kanggo nglumpukake dhata kanthi cara dokumentasi. Ing proses dokumentasi iki, *HP* nduweni peran penting kanggo nyimpen dhata panaliten. Mula, teknik iki bisa kadaden yen basa kang diteliti minangka basa kang dituturke karo informan.

Teknik Ngolah Dhata

Kanggo njawab masalah-masalah kang ana ing panaliten iki, mula panaliti kudu ngandharake utawa nyethakake dhata ing bagiyane analisis. Ing proses analisis dhata, peneliti nggunakake prosedur utawa teknik. Teknik analisis iku, dadi tahap-tahap lan tahap-tahap iku antarane:

1. Nglumpukake dhata sing ana, peneliti ing tahap iki kudu nglumpukake dhata saka foto kang dikirim ing medhia sosial akun @pujangga_jawa.
2. Nyeleksi sakabehe dhata, ing kene peneliti nyeleksi sakabehe dhata ngenani variasi basa.
3. Klasifikasi dhata, kanggo ngesetake dhata, peneliti kudu nggawe klasifikasi dhata. Dhata kang wus nglumpuk diklasifikasekake kanthi dhasar masalah-masalah panaliten, yaiku interferensi lan integrasi.

4. Nganalisis dhata, sakwuse diklasifikasi lan dipisah-pisah kanthi masalah sing cocog, tahap sakteruse yaitu analisis dhata. Analisis dhata nduweni paedah kanggo jawab masalah ing panaliten iki.

Runtutane Panliten

Runtutane panliten bisa diperang dadi telu yaiku prapanliten, nindakake panliten, nulis laporan panliten (Mahsun, 2007:31). Cak-cakane sing dikarepake yaiku:

Tahap Persiapan

Minangka kagiyatan wiwitan sajrone prapanliten. Persiapan kang dilakoni yaiku:

- (1) Nggoleki lan nemtokake objek lan underane panliten.
Objek sing diteliti yaiku variasi basa lan wujud Interferensi lan Integrasi sajrone kiriman foto ing medhia sosial instagram akun @pujangga_jawa.
- (2) Nglumpukake dhata.
Sawise underane panliten ditemokake panliti banjur nglumpukake dhata-dhata sing ana sesambungane karo undherane panliten.
- (3) Netepake irah-irahan panliten.
Saka undherane panliten tuwuh irah-irahan “Variasi Basa sajrone Medhia Sosial Instagram Akun @pujangga_jawa”
- (4) Nglumpukake literatur kapustakan
Sawise bab sadurunge wis kaleksanan, mula panliti bakal nggolek literatur sing cundhuk karo wujud variasi basa, uga wujud interferensi lan integrasi kanggo nganalisis dhata.
- (5) Nyusun Proposal
Panliti nyusun anggaran proposal, lan nysusl proposal panliten kanggo ngajukake panliten.

Tahap Nindhakake Panliten

Dhata sing wis nglumpuk banjur diolah ing tahap nindhakake lan ngolah dhata.

- (1) Idhidentifikasi.
Dhata sing antuk saka sumber dhata bakal *diidentifikasi*.
- (2) Analisis dhata.
Dhata sing wis *diidentifikasi* banjur dianalisis kanthi diperang-perang miturut variasi basa lan uga wujud Interferensi lan Integrasi
- (3) Klasifikasi dhata.
Klasifikasi dhata kanthi cara nлити lan merang miturut perangan panganggone basa sing ana ing kiriman foto medhia sosial instagram akun @pujangga_jawa.

Tahap Pungkasan

Tahap iki minangka runtutane panliten sing arupa panulisan laporan analisis, ngaluprake asile analisis, ngowahi laporan kanthi *ngrevisi* asil laporan, ujian skripsi, lan njilid skripsi.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Andharan mujudake tahap kang wigati sajrone apa kang arep ditindakake dening panliti sajrone panliten. Andharan asile panliten iki isine yaiku ngemot dhata kang dianalisis kanthi digayutake karo teori-teori. Bab

kang bakal diandharake sajrone andharan asile panliten iki yaiku (1) jinise variasi basa kang ana ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa, (2) unsur interferensi sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa, (3) unsur integrasi sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa, (4) tujuwan panganggone variasi basa sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa. Panjlentrehan adhedhasar dhata lan teori pangyengkuyung.

Andharan lan Jlentrehan Dhata

Andharan lan jlentrehan dhata panliten iki dipantha dadi loro, yaiku (1) jinise sesambungan paradhigmatik ing tetembungan sajrone upacara pateg layon lan (2) jinise sesambungan sintagmatik ing tetembungan sajrone upacara pateg layon. Tetembungan kang ana ing upacara pateg layon diandharake lan dijlentrehake ing ngisor iki.

4.1 Jinise Variasi Basa

Variasi basa minangka salah sijine wujud panganggone basa. Sajrone macem-macem kahanan, basa bisa digunakake kanggo ngandharake kekarepane pamicara marang mitra wicara, utawa panulis marang pamaca. Saben kahanane komunikasi sing diadhepi, kapilih salah sijivariasi panganggone basa. Tetembungan sing digunakake kanggo ngrujuk marang salah siji saka warna-wernane panganggone basa iku bisa diarani variasi basa.

Variasi basa sajrone panliten wis kaperang-perang adhedhasar kahanan lan wektu. Saben perangan nuduhake gegambaran saka sakabehane dhata kang ana ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa. Dhata diklumpukake bajor dijinggleng. Saka dhata sing wis dijinggleng, variasi basa sajrone panliten iki bisa diperang-perang maneh. Wujud variasi basa sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa bisa diperang adhedhasar kahanan. Kahanan sajrone kiriman foto kasebut bisa nuwuhake anane wujud *sosiolek*, *ideolek*, lan *variasi tembung*.


4.1.1 Wujud Ideolek

Ideolek yaiku variasi basa kang asipat individu, variasi bakal nuwuhake ideolek, yaiku anane wernane swara kang bedha, gayane pocapan, reroncene tetembungan, lsp. Titikane ideolek yaiku mung krungu swara tanpa ndeleng praupane. Saben pawongan nduweni variasi dhewe-dhewe sing gegayutan karo wernane swara, pamilihe tembung, lelewane basa, lan pangrakite ukara. Variasi basa tartamtu iki bisa digunakake kanggo narik kawigaten pamaca. Wujud ideolek iki ora awujud pacaturan amarga ideolek asipat pawongan utawa pribadi.

Miturut Aslinda (2014:17) konsep ideolek yaiku saben-saben individu nduweni ideolek dhewe-dhewe amarga saben individu nduweni sipat khas kang ora diduweni karo individu liyane. Pambedane sipat khas kasebut yaiku anane faktor fisik lan psikis. Pambeda fisik kang arupa bedane wujud alat wicara, lan pambeda psikis biyasane disebabkae amarga ana ing sipat temperamen, watak, intelektual, lsp. Wujud ideolek kang ana ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa bakal kaandharake ing ngisor iki.

(1) “Ora usah ngomong ‘sayang’ lek ti jak tenanan wae malah ngilang.”

(Tidak usa bilang ‘sayang’ jika diajak serius saja malah menghilang)



Dhata (1) ing ndhuwur nuduhake anane wujud ideolek marang ukara kang dikirim ana akun kasebut. Konsep ideolek yaiku anane basa kang khas ora lan ora diduweni dening pawongan liyane yaiku anane tembung-tembung tartamtu kang narik kawigatene pamaca. Kayata panganggone tembung bahasa Indoensia “Sayang” dheweke nggunakake tembung kasebut supaya luwih pas lan mantep ana ing ukara yen wis dipocapkake. Saliyane iku ana tembung kang nganggo Basa Jawa “Ngilang” kanggo njangkepi ukara supaya tembung sayang kang ana ing sajrone ukara kasebut ana gadhengane kang luwih pas. Sabanjure, ana tembung “lek ti jak” yaiku panganggone Basa Jawa kang khas kang biasane mesthi nggunakake tembung lek dijak, nanging ana ing ukara kasebut luwih milih nganggo tembung lek ti jak supaya entuk kawigaten saka pamaca.

4.1.2 Wujud Dialek

Dialek yaiku variasi basa saka sakelompok pawicara kang jumlahe ora tentu, kang dadi pambedha yaiku panggenan wilayah, utawa area khusus. Dialek dikenal kanthi umume dialek areal, dialek regional, dialek geografi. Miturut Wardaugh sajrone Pairin (2010: 52) dialek yaiku wujud saka variasi basa kang nduweni sesambungan karo kelompok panutur tartamtu saengga bisa mahami marang kelompok panutur liyane.

Miturut Pairin (2010: 56) latar belakang panutur biasane bisa nuduhake ana 8 jinis dialek yaiku: (1) asal dhaerah (geografi), (2) dialek tingkat sosial, (3) dialek profesi, (4) dialek jinis kelamin, (5) dialek umur, (6) dialek suku, (7) dialek ideologi, lan (8) dialek wektu. Nanging ana bab iki bakal diandharake limang jinis dialek yaiku ana ing ngisor iki.

4.1.2.1 Dialek Geografis

Miturut Pairin (2010: 56) Bedane wilayah utawa dhaerah (geografis) yen ditliti kanthi tumemen bakal katon warna basane pawongan. Sajrone basa Jawa luwih akeh ditemoni dialek geografis, cara ngomong kang dirasakake bedha sajrone pocapane utamane kang nduweni kaitan karo nada, intonasi lan gayane ngomong. Wujud dialek geografi kang ana ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa bakal kaandharake ing ngisor iki.

(6) “Sepiro oleh’e, mantan tetep dadi bagian songko bahagiane awak’e dino ini.”

(seberapa banyaknya, mantan tetap jadi bagian dari bahagianya kita hari ini)



Dhata (6) ing ndhuwur nuduhake anane wujud dialek geografi yaiku wujud saka bedhane werna basa kang digunakake saben pawongan ing dhaerah utawa geografi tartamtu. Saka dialek iki bisa diweruhi nada utawa intonasi saka pelafalane saben pawongan ing salah sawijine daerah tartamtu nduweni ciri kang beda-beda. Kayata panganggone Basa Jawa “Songko” yaiku basa dialek dhaerah Ponorogo, amarga panulis akun kasebut saka Ponorogo mula luwih akeh panulis merhatekake pola tutur kang asring banget dirungokake kupinge yaiku dialek saka dhaerah asale, basa kang biasa digunakake yaiku “saka”yen nganggo Basa Jawa kang biasa utawa netral digunakake pacaturan saben dinane, nanging ana ing ukara kasebut luwih milih tembung songko kang dadi ciri khas saka dialek dhaerah Ponorogo.

Saliyane iku ana tembung kang nganggo Basa Jawa “bahagian” tembung kang lumrah dienggo biasane yaiku “bunggahe”, nanging ana ing ukara kasebut panulis luwih milih tembung bahagian kanggo njangkepi ukara supaya tembung kang ana ing sajrone ukara kasebut ana gadhengane kang luwih pas mula yen dijangkepna dadi ukara “Sepira oleh’e, mantan tetep dadi bagian saka bahagian awak’e dina iki.”panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.

4.1.2.2 Dialek Sosial

Miturut Pairin (2010: 58) Sajrone masyarakat tartamtu mesthi wae ana golongan kelas luhur lan kelas asor. Pambedane yaiku amarga anane pengaruh kahanan tingkat ekonomi, tingkat pendidikan, status sosial, utawa keturunan bangsawan. Ora ana kasadharan bab iki mau nuwuhake variasi basa kang beda lan bisa dadi pratanda latar sosial. Wujud dialek sosial kang ana ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa bakal kaandharake ing ngisor iki.

(11) “Yen mantanmu omong ‘ibukku kangen kowe’, ngati-ati wae kuwi jebakan pengen ngajak balen.”
(jika mantanmu bilang ‘ibuku kangen kamu’, hati-hati saja itu jebakan pingin ngajakin balikan)



Dhata (11) ing ndhuwur nuduhake anane wujud dialek sosial yaiku wujud saka bedhane werna basa kang digunakake saben pawongan amarga anane pengaruh kahanan tingkat ekonomi, tingkat pendidikan, status sosial, utawa keturunan bangsawan. Saka dialek iki bisa diweruhi tingkat sosial saben pawongan tartamtu nduweni ciri kang beda-beda. Kayata panganggone Basa Jawa “Ibuku” yaiku basa dialek sosial tingkat sedengan ora ana ing golongan asor utawa luhur, panganggone tembung ibu iki bisa uga digawe karo tingkat luhur nanging ora kabeh amarga mung isih sithik wae kang nganggo tembung kasebut.

Saliyane iku ana tembung kang nganggo Basa Jawa “ngajak balen” tembung kang lumrah dienggo biasane yaiku “mbalek”, nanging ana ing ukara kasebut panulis luwih milih tembung ngajak balen kanggo njangkepi ukara supaya tembung kang ana ing sajrone ukara kasebut ana gadhengane kang luwih pas mula yen dijangkepna dadi ukara “Yen mantanmu omong ibukku kangen kowe”, ngati-ati wae kuwi jebakan pengen ngajak balen.” Saka jangkepe ukara kasebut nuwuhake dialek sosial ekonomi sedhengan, amarga panganggone basa isih biasa wae ora ana sing diluwih-luwihne. Pamilihe ukara gampang dimangerteni dening wong liya, ora ana bedane akeh karo cara ngomonge wong kang ana ing bebrayan. Pamilihe ukara kang narik kawigatene pamaca kanthi cara nyuguhake pamilihe basa kang beda saka basa kang biasane, amarga panulis luwih nengenake dialek sosial kang wis asring banget dirungokake.

4.1.2.3 Dialek Profesi

Miturut Basir (2010: 59) kebahasaan bisa uga nduweni kaitan karo profesi utawa lingkungan panggawean tartamtu. Pambedane iki biasane ana ing pamilihe leksikone. Kelompok profesi tartamtu iki biasane bakal nggomong bab kang ora adoh saka bidhang kang dadi ahline. Variasi basa kang kaya mangkene iki bisa dipengaruhi anane keahlian tartamtu sajrone disiplin linguistik, khususse sosiolinguistik disebutakae kanthi istilah dialek profesi utawa register. Wujud dialek profesi kang ana ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa bakal kaandharake ing ngisor iki.

(14) “Anane jurusan perbandingan agama, ora ono jurusan perbandingan mantan, dadi ra usah banding-bandingne aku ambek dhek’e yo.”

(adanya itu jurusan perbandingan agama, tidak ada jurusan perbandingan mantan, jadi tidak usah membandingkan aku dan dia ya)



Dhata (14) ing ndhuwur nuduhake anane wujud dialek profesi yaiku wujud saka bedhane werna basa kang digunakake saben pawongan amarga anane kaitan karo profesi utawa lingkungan panggawean tartamtu. Pambedane iki biasane ana ing pamilihe leksikone. Kelompok profesi tartamtu iki biasane bakal nggomong bab kang ora adoh saka bidhang kang dadi ahline. Saka

dialek iki bisa diweruhi tingkat sosial saben pawongan tartamtu nduweni ciri kang beda-beda. Kayata panganggone Basa Jawa “Jurusan perbandingan agama” yaiku basa dialek profesi kanggo wong kang nduweni pendhidhikan dhuwur kang ana ing pawiyatan luhur yaiku dhosen utawa mahasiswa. Saka pamilihe tembung kasebut bisa dijangkepi ing ukara “Anane jurusan perbandingan agama, ora ono jurusan perbandingan mantan, dadi ra usah banding-bandingne aku ambek dhek’e yo.” Saka jangkepe ukara kasebut nuwuhake dialek profesi ing bidhang pendhidhikan, amarga aweh paituduh yen ing pawiyatan iku ora ana jurusan perbandingan mantan anane mung jurusan perbandingan agama.

Pamilihe ukara kang narik kawigatene pamaca kanthi cara nyuguhake pamilihe basa kang beda saka basa kang biasane, amarga panulis luwih nengenake dialek profesi kang wis asring banget dirungokake. Saka dhata kasebut ana panulisan nganggo basa jawa kang kurang trep, panulisan kasebut bisa dibenerake nganggo tembung kang luwih bener lan trep yaiku “Anane jurusan perbandingan agama, ora ana jurusan perbandingan mantan, dadi ra usah banding-bandingne aku ambek dhek’e ya.” panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.

4.1.2.4 Dialek Jinis Kelamin

Miturut Basir (2010: 60) aspek kebahasaan kanthi cara naluriah antarane wong lanang lan wong wadon mesthi nduweni bab kang beda yaiku ing antarane sajrone milih leksikon kanggo ngomong sajrone kelompok. Wong wadon luwih seneng ngomong marang kelompokke ngenani pengalaman saben dinane, masak, kulawarga lsp. Wong lanang uga nduweni kabiasaan omong marang kelompokke ngenani pamecahan masalah, cita-cita, tantangan uripe, kang gegayutan karo pakaryan lan pengalaman urip liyane. Wujud dialek jinis kelamin kang ana ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa bakal kaandharake ing ngisor iki.

(16) “Yen nunggu sing sampurna, kowe ora rabi-rabi tekan tuwo.”

(jika menunggu sempurna, kamu tidak menikah sampai tua)



Dhata (16) ing ndhuwur nuduhake anane wujud dialek jinis kelamin yaiku aspek kebahasaan kanthi cara naluriah antarane wong lanang lan wong wadon mesthi nduweni bab kang beda yaiku ing antarane sajrone milih leksikon kanggo ngomong sajrone kelompok. Saka dialek iki bisa diweruhi jinis kelamin saben kelompok tartamtu nduweni ciri kang beda-beda. Kayata panganggone Basa Jawa “ora rabi-rabi tekan tuwo” yaiku basa dialek jinis kelamin kanggo wong lanang amarga wong lanang seneng bab kang luwih gampang, ora gelem ngenteni suwi-suwi apa maneh milih-milih yen wong lanang wis

sreg marang apa kang dipilih dheweke ora gelem ngenteni suwi maneh, yaiku kang diarani wong lanang luwih seneng bab kang simpel utawa gampang. Saka pamilihe tembung kasebut bisa dijangkepi ing ukara “Yen nunggu sing sampurna, kowe ora rabi-rabi tekan tuwo.” Saka jangkepe ukara kasebut nuwuhake dialek jinis kelamin kanggo wong lanang.

Pamilihe ukara kang narik kawigatene pamaca kanthi cara nyuguhake pamilihe basa kang beda saka basa kang biasane, amarga panulis luwih nengenake dialek jinis kelamin kang wis asring banget dirungokake dening panutur kang nduweni jinis kelamin lanang. Saka dhata kasebut ana panulisan nganggo basa jawa kang kurang trep, panulisan kasebut bisa dibenerake nganggo tembung kang luwih bener lan trep yaiku “Yen nunggu sing sampurna, kowe ora rabi-rabi tekan tuwa.” panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.

4.1.2.5 Dialek Umur

Miturut Basir (2010: 61) faktor umur uga bisa nandai jinis varian basa kang digunakake saben-saben pawongan. Ana bedane kualitas tuturan antarane bocah lan wong diwasa. Pamedane iku biasane ana ing tatan fonologis, morfosintaksis, leksikon, ragam lan tingkat tuture. Wujud dialek umur kang ana ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa bakal kaandharake ing ngisor iki.

(21) “Titi kala mangsane kowe bakal ketemu wong sing ora nggagas masa lalumu, nanging tansah setia dadi masa depanmu.”

(ada waktunya kamu bakal ketemu orang yang tidak peduli dengan masa lalumu, tetapi malah setia jadi masa depanmu)



Dhata (21) ing ndhuwur nuduhake anane wujud dialek umur yaiku bedane kualitas tuturan antarane bocah lan wong diwasa. Pamedane iku biasane ana ing tatan fonologis, morfosintaksis, leksikon, ragam lan tingkat tuture. Saka dialek iki bisa diweruhi umur saben tingkatan nduweni tuturan kang beda. Kayata panganggone Basa Jawa “Titi kala mangsane, bakal ketemu, masa lalumu, masa depanmu.” yaiku basa dialek umur tingkat diwasa, amarga ing tingkatan diwasa wong wis bisa mikirake masa depene mangerteni endi sing becik lan ala. Saka tembung titi mangsane yaiku tembung kang wis lumrah dienggo dening wong diwasa kang wis suwe ngenteni salah sawijine kahanan, disambung karo tembung bakal ketemu yaiku tembung kang digunakake karo wong diwasa kanggo nyemangati awake dhewe utawa wong liya kanggo mikir positif, tembung masa lalu lan masa depan yaiku pas kanggo kahanane wong diwasa kang wis akeh banget pengalamane nduweni masa lalu kanggo pelajaran supaya ora kedadeyan ing masa

depan, lan uga mesthi wae nduweni gegayuhan yen masa depan kudu luwih apik saka masa lalune.

Saka pamilihe tembung kasebut bisa dijangkepi ing “Titi kala mangsane kowe bakal ketemu wong sing ora nggagas masa lalumu, nanging tansah setia dadi masa depanmu.” Saka jangkepe ukara kasebut nuwuhake dialek umur tingkatan diwasa. Pamilihe ukara kang narik kawigatene pamaca kanthi cara nyuguhake pamilihe basa kang beda saka basa kang biasane, amarga panulis luwih nengenake dialek umur diwasa kang dienggo pacaturan ing bebrayan.

4.1.4 Wujud Sosiolek

Sosiolek yaiku wujud variasi basa sing gegayutan karo status, golongan, lan khas sosial para panuture. Bebrayan tartamtu nduweni wujud basa sing kadhang kala beda dening bebrayan liya. *Sosiolek* utawa *dialek sosial* yaiku variasi basa kang gumantung saka status, golongan, lan kelas sosial. Anane bedhane yaiku ana ing penggaweyan, *profesi*, jabatan, kang bisa didadegake faktor pambedhane. Saemper karo variasi basa kang dipribawani karo penggaweyan, tingkatan, lan golongan mula tuwuh maneh variasi basa kang umum ing bebrayan yaiku *Akrolek*, *Basilek*, *Fulgar*, *Slank*, *Kolokial*, *Jargon*, *Argot* lan *Ken*.

Wujud variasi basa kasebut bisa uga ana sesambungane karo umur panutur, pendhidhikan, jinis kelamin, pakaryan, kapriyayan, kahanan sosial, lan sapanunggalane. Sosiolek adhedhasar umur gegayutan karo panganggone basa sing beda antarane bocah, rumaja, diwasa, lan wreda. Sajrone basa Jawa wujud sosiolek yaiku unggah-ungguh basa, kang bisa diperang dadi ngoko, madya, lan krama. Panganggone basa kang digunakake marang umur kang luwih tuwa, utawa luwih enom lan wong kang umure padha mesthi nganggo basa kang beda lan wigati kudu didadegake amarga bab kasebut ana ing sajrone udha-usuking basa. Adhedhasar golongan, status lan kelas sosial panuture wujud sosiolek bisa arupa slang, prokem lan jargon.

4.1.5 Alih Kode

Alih kode yaiku malihe salah sawijine basa marang basa liyane. Alih kode ora mung malihe ragam siji lan sijine nanging ngowahi ragam basa liyane, uga malihe dialek lan ragam lelawane basa sajrone nggunakake basa. Ana loro sing dadi titikane alih kode yaiku (1) sawijine basa isih disengkuyung marang fungsine kanggo komunikasi kang trep marang konteks lan fungsine, (2) fungsi basa diselarasake marang kahanan kang relevan uga konteks kang malih.

4.1.5.1 Alih Kode Intern

Alih kode intern bisa kedadean saka basane dhewe. Tuladhane basa ngoko marang basa krama, uga bisa wujud varian basa sajrone basane dhewe. Sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa bisa ditemokake alih kode intern yaiku alih kode ngoko-krama lan krama-ngoko kang bakal diandharake ing ngisor iki:


1. Alih Kode Intern Ngoko – Krama

Panulis kang ana ing sosial medhia akun instagram akun @pujangga_jawa nulis tetembungan kasebut kanthi merhatekake wernane basa. Maneka warna basa kasebut dikarepake supaya panulis bisa

nuwuhake makna kaendahan lan bisa ditrima kathi apik saengga bisa dimangerteni dening para pamaca. Bab alih kode ngoko – krama iki bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

26) “Seneng rasane iso nyawang kowe mesem ngguyu, nanging sedihku nalikane sadar jebule dudu aku sing nggarai esem gemuyumu.”

(senang rasanya bisa melihat kamu tersenyum tertawa, tetapi sedihku ketika sadar ternyata bukan aku yang bisa membuatmu tersemyum dan tertawa)



Dhata (26) ing ndhuwur nuduhake anane alih kode intern ragam ngoko menyang ragam krama. Tujuwan alih kode intern ragam ngoko menyang ragam krama yaiku supaya basa kang digunakake panulis bisa menahi ragam marang basa kasebut, saliyane iku uga anane basa krama ing sajrone basa ngoko kanggo ngalusake yen diwaca dening wong liya. Kayata panganggone Basa Jawa krama “nyawang, lan esem gemuyumu” yaiku anane alih kode kasebut bisa nuwuhake rasa kang luwih njeru marang wong kang maca tulisan kasebut, tulisan kasebut krasa luwih alus lan panganggone luwih pas yen tembung kasebut kang dikramakake, yen ana ing ukara jangkepe “Seneng rasane iso nyawang kowe mesem ngguyu, nanging sedihku nalikane sadar jebule dudu aku sing nggarai esem gemuyumu.” Saka jangkepe ukara kasebut nuwuhake alih kode intern ragam ngoko menyang ragam krama. Amarga tembung nyawang luwih pantes tinimbang nganggo tembung liyane kang padha upamane ndeleng, ndelok luwih katon alus yen milih tembung nyawang amarga kanggo ndeleng wong liya. Tembung esem gemuyumu nambahi ukara kasebut katon luwih alus lan luwih sopan.

Saka adharan kasebut nuduhake yen alih kode ragam ngoko-krama ing ukara kasebut wis pas, lan bisa narik kawigaten pamaca. Saka dhata kasebut ana panulisan nganggo basa Jawa kang kurang trep, panulisan kasebut bisa dibenerake nganggo tembung kang luwih bener lan trep yaiku “Seneng rasane isa nyawang kowe mesem ngguyu, nanging sedihku nalikane sadar jebule dudu aku sing nggarai esem gemuyumu.” panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.

2. Alih Kode Intern Krama – Ngoko

Panulis kang ana ing sosial medhia akun instagram akun @pujangga_jawa nulis tetembungan kasebut kanthi merhatekake wernane basa. Maneka warna basa kasebut dikarepake supaya panulis bisa nuwuhake makna kaendahan lan bisa ditrima kathi apik saengga bisa dimangerteni dening para pamaca. Bab alih kode krama – ngoko iki bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

(29) “Sing tak suwun ojo nduweni rasa getun wayah ngerti yen wong sing biyen tau ko siak-siakne, jebule luwih bahagia karo wong liyo.”

(yang aku minta jangan punya rasa kecewa jika sudah mengerti orang yang dulu pernah kamu sia-siakan, malah sekarang bahagia dengan orang lain)



Dhata (29) ing ndhuwur nuduhake anane alih kode intern ragam krama menyang ragam ngoko. Tujuan alih kode intern ragam krama menyang ragam ngoko yaiku supaya basa kang digunakake panulis bisa menahi ragam marang basa kasebut, saliyané iku uga anane basa ngoko ing sajrone basa krama kanggo ngewenehi variasi kang maneka supaya ana unsur alus lan kasar sajrone basa. Kayata panganggone Basa Jawa krama “tak suwun” yaiku basane luwih sopan lan apik dienggo tinimbang tembung kang padha kang biasane dienggo ing antarane “tak jaluk”, dibacutake tembung nganggo basa ngoko “ojo nduweni” kang nduweni maksud kanggo nekenake omongan lan panganggone luwih pas ana ing ukara jangkepe “Sing tak suwun ojo nduweni rasa getun wayah ngerti yen wong sing biyen tau ko siak-siakne, jebule luwih bahagia karo wong liyo.” Saka jangkepe ukara kasebut nuwuhake alih kode intern ragam krama menyang ragam ngoko.

Saka adharan kasebut nuduhake yen alih kode ragam krama-ngoko ing ukara kasebut wis pas, lan bisa narik kawigaten pamaca. Saka dhata kasebut ana panulisan nganggo basa Jawa kang kurang trep, panulisan kasebut bisa dibenerake nganggo tembung kang luwih bener lan trep yaiku “Sing tak suwun aja nduweni rasa getun wayah ngerti yen wong sing biyen tau ko siak-siakne, jebule luwih bahagia karo wong liyo.” panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.


4.1.5.2 Alih Kode Ekstern

Alih kode ekstern dumadi saka kedadeyan basane dhewe marang basa asing. Sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa ing ngisor iki bakal diandharake ngenani alih kode ekstern kang dumadi saka basa Jawa – Indonesia lan Basa Jawa – basa Inggris:

1. Alih Kode Ekstern Basa Jawa – Basa Indonesia

Basa Jawa yaiku basa ibu kanggo wong kang urip ana ing bebrayan Jawa. Basa Indonesia yaiku basa pemersatu utawa basa nasional. Kanthi cara ora langsung basa Indonesia uga dadi basa kang lumrahe kanggo basa pengantar sajrone piwulangan ing sekolahan, lan pacaturan saben dinane urip ana ing bebrayan. Adhedhasar adharan kasebut mula panulis sosial medhia akun instagram akun @pujangga_jawa nulis tetembungan kasebut kanthi merhatekake wernane basa. Maneka warna basa kasebut dikarepake supaya panulis bisa nuwuhake makna kaendahan lan bisa ditrima kathi apik saengga bisa dimangerteni dening para pamaca. Bab alih kode ekstern basa Jawa – basa Indonesia iki bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

(33) “Sing berjuang, panggah kalah karo sing ber-uang.”
(yang berjuang, tetep kalah dengan yang beruang)



Dhata (33) ing ndhuwur nuduhake anane alih kode ekstern ragam basa Jawa menyang basa Indonesia. Tujuan alih kode ekstern ragam Basa Jawa marang Basa Indonesia yaiku supaya basa kang digunakake panulis bisa menahi ragam marang basa kasebut, saliyané iku uga anane basa Indonesia kanggo negesi tembung kang dimaksud sajrone ukara. Kayata panganggone basa Jawa “sing berjuang” yaiku kanggo nuduhake kahanane pawongan kang lagi merjuwangake kahanan, dibacutake tembung nganggo basa Indonesia “ber-uang” kang nduweni maksud ana ing basa Jawa yaiku wong kang akeh dhuwite, nanging nganggo basa Indonesia nduweni tujuan supaya luwih diperhatekake lan narik kawigaten pamaca ana ing ukara jangkepe “Sing berjuang, panggah kalah karo sing ber-uang.” Saka jangkepe ukara kasebut nuwuhake alih kode ekstern ragam basa Jawa menyang basa Indonesia. Saka adharan kasebut nuduhake yen ekstern ragam basa Jawa - basa Indonesia ing ukara kasebut wis pas, lan bisa narik kawigaten pamaca.

2. Alih Kode Ekstern Basa Jawa – Basa Inggris

Basa Jawa yaiku basa ibu kanggo wong kang urip ana ing bebrayan Jawa. Basa Inggris yaiku basa pemersatu utawa basa internasional. Kanthi cara ora langsung basa Inggris uga dadi basa kang lumrahe kanggo basa pengantar sajrone piwulangan ing sekolahan, lan pacaturan saben dinane urip ana ing bebrayan internasional. Adhedhasar adharan kasebut mula panulis sosial medhia akun instagram akun @pujangga_jawa nulis tetembungan kasebut kanthi merhatekake wernane basa. Maneka warna basa kasebut dikarepake supaya panulis bisa nuwuhake makna kaendahan lan bisa ditrima kathi apik saengga bisa dimangerteni dening para pamaca. Bab alih kode ekstern basa Jawa – basa Inggris iki bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

(41) “Akeh sing macak tegar masio atine ambyar, supoyo ketoro ‘I Will Just Fine’ nang matane wong liyo.”

(banyak yang terlihat tegar walaupun hatinya berantakan, supaya terlihat ‘I Will Just Fine’ dimatanya orang lain)



Dhata (41) ing ndhuwur nuduhake anane alih kode ekstern ragam basa Jawa menyang basa Inggris. Tujuan alih kode ekstern ragam Basa Jawa marang Basa Inggris yaiku supaya basa kang digunakake panulis bisa menahi ragam marang basa kasebut, saliyané iku uga anane basa Inggris kanggo sinau tetembungan Basa Inggris lan wong kang macabisa mahami apa artine masiya mung saithik. Kayata panganggone basa Jawa “Akeh sing macak tegar masio atine ambyar” yaiku

tembung kanggo nuduhake perasaan pawongan kang lagi nandhang susah nanging kudu tetep katon tegar, dibacutake tembung nganggo basa Inggris “I will Just fine” kang nduweni maksud ana ing basa Jawa yaiku aku bakal anik-apik wae, nanging panulis milih nganggo basa Inggris nduweni tujuwan supaya narik kawigaten pamaca ana ing ukara jangkepe “Akeh sing macak tegar masio atine ambyar, supoyo ketoro ‘I Will Just Fine’ nang matane wong liyo.” Saka jangkepe ukara kasebut nuwuhake alih kode ekstern ragam basa Jawa menyang basa Inggris.

Saka adharan kasebut nuduhake yen ekstern ragam basa Jawa - basa Inggris ing ukara kasebut wis pas, lan bisa narik kawigaten pamaca. Saka dhata kasebut ana panulisan nganggo basa Jawa kang kurang trep, panulisan kasebut bisa dibenerake nganggo tembung kang luwih bener lan trep yaiku “Akeh sing macak tegar masiya atine ambyar, supaya ketara ‘I Will Just Fine’ nang matane wong liya.” panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.

4.1.6 Campur Kode

Campur kode yaiku proses panganggone rong basa utawa luwih kanthi cara nglebokake unsur basa siji menyang basa liyane dadi saklusa, sajrone wewatesane tembung utawa klausa. Alesan nyampur perangan unsur sajrone basa amarga bisa nuwuhake situwasi sing santai saengga tuturan kang dipocapake ora ana beban. Campur kode bisa diperang dadi loro yaiku campur kode positif kang nduweni sipat sing intregatif (menguntungkan), lan lan campur kode negatif sing sipate interferensif (merugikan). Proses campur kode iki disebabake saka perangan alesan yaiku : (1) anane batesan padhanan ing basane, (2) kanggo nambahi kaendahan basa, (3) prestise, (4) alesan pribadhine pangripta kang bakal diandharake ana ing ngisor iki.

4.1.6.1 Campur Kode Positif

Campur kode positif yaiku panganggone basa liya kang dumadi saka apa anane basa tanpa nambahi utawa ngurangi merga ana padhanan kang trep kanggo ngowahi basa kasebut. Sipat campur kode positif iki nduweni kawigaten kanggo nguntungake pamaca saengga nduweni sumbangan ngenani wernane basa. Campur kode positif iki bakal diadharake arupa dhata ing ngisor iki.

1. Campur Kode Positif Basa Jawa – Basa Indonesia

Campur kode positif dumadi saka anane basa liya sajrone basa kang asring digunakake saben dina. Dicampur lan dipocapake kanthi sengaja, nanging nduweni sipat kang positif merga ana padhanan tembung ing basa Jawa. Tujuwan saka anane campur kode positif iki bisa nambahi kaendahan saka reroncening tembung, saliyané iku uga bisa narik kawigaten pamaca. Bab campur kode positif basa Jawa – basa Indonesia iki bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

(44) “Masio aku kerep takon kabar, ora berarti aku menging kowe golek sing anyar.”
(walaupun aku sering tanya kabar, bukan berarti aku melarang kamu cari yang baru)




Dhata (44) ing ndhuwur nuduhake anane campur kode positif ragam basa Jawa menyang basa Indonesia. Tujuwan campur kode positif ragam Basa Jawa marang Basa Indonesia yaiku nyampur perangan unsur sajrone basa amarga bisa nuwuhake situwasi sing santai saengga tuturan kang dipocapake ora ana beban. Kayata panganggone basa Jawa “Masio aku kerep takon kabar” dibacutake tembung nganggo basa Indonesia “ora berarti aku menging kowe golek sing anyar” tembung bebrati ana sajrone ukara kasebut kalebu ana ing basa Indonesia yaiku nduduhake maksud saka tuturane panulis, nanging nganggo basa Indonesia nduweni tujuwan supaya basa kang digunakake bisa luwih santai lan bisa ditrima karo pamaca ana ing ukara jangkepe “Masio aku kerep takon kabar, ora berarti aku menging kowe golek sing anyar.” Saka jangkepe ukara kasebut nuwuhake campur kode positif ragam basa Jawa menyang basa Indonesia.

Saka adharan kasebut nuduhake yen campur kode positif ragam basa Jawa - basa Indonesia amarga ora ana unsur kang bisa nyebabake salah sawijine pawongan dirugekake, unsur campur kode ing ukara kasebut wis pas, lan bisa narik kawigaten pamaca. Saka dhata kasebut ana panulisan nganggo basa Jawa kang kurang trep, panulisan kasebut bisa dibenerake nganggo tembung kang luwih bener lan trep yaiku “Masiya aku kerep takon kabar, ora berarti aku menging kowe golek sing anyar.” panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.

2. Campur Kode Positif Basa Indonesia – Basa Jawa

Campur kode basa Indonesia menyang basa Jawa iki uga ditemokake ana ing kiriman foto sajrone instagram akun @pujangga_jawa kang nduweni tujuwan kanggo nambahi maneka warna campur kode sajrone reroncene tetembungan kasebut. Bab campur kode positif basa Indonesia – basa Jawa iki bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

(46) “Saumpomo aku durung biso dadi pahlawan kanggo negoro, aku kepingin dadi pahlawan neng atimu.”
(seumpama aku belum bisa jadi pahlawan untuk negara, aku kepingin jadi pahlawan dihatimu)



Dhata (46) ing ndhuwur nuduhake anane campur kode positif ragam basa Indonesia menyang basa Jawa. Tujuwan campur kode positif ragam Basa Indonesia marang Basa Jawa yaiku nyampur perangan unsur sajrone basa amarga bisa nuwuhake situwasi sing santai saengga tuturan kang dipocapake ora ana beban.

Kayata panganggone basa Indonesia “Saumpomo aku durung biso dadi pahlawan” tembung saumpomo ana sajrone ukara kasebut kalebu ana ing basa Indonesia seumpama nanging dicampur karo basa Jawa dadi seumpama ing basa Jawa ora ana tembung kasebut biasane nggunakake tembung umpamane, nanging nganggo basa Indonesia nduweni tujuwan supaya ana sing anyar lan nggawe suwasanane luwih santai ana ing ukara jangkepe “Saumpomo aku durung biso dadi pahlawan kanggo negoro, aku kepinging dadi pahlawan neng atimu.” Saka jangkepe ukara kasebut nuwuhake campur kode positiif ragam basa Indonesia menyang basa Jawa.


Saka adharan kasebut nuduhake yen campur kode positiif ragam basa Indonesia - basa Jawa amarga ora ana unsur kang bisa nyebabake salah sawijine pawongan dirugekake, unsur campur kode ing ukara kasebut wis pas, lan bisa narik kawigaten pamaca. Saka dhata kasebut ana panulisan nganggo basa Jawa kang kurang trep, panulisan kasebut bisa dibenerake nganggo tembung kang luwih bener lan trep yaiku “Saumpama aku durung biso dadi pahlawan kanggo negara, aku kepinging dadi pahlawan neng atimu.” panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.

. Campur Kode Positiif Basa Jawa – Basa Inggris

Campur kode positiif dumadi saka anane basa liya sajrone basa kang asring digunake saben dina. Dicampur lan dipocapake kanthi sengaja, nanging nduweni sipat kang positiif merga ana padhanan tembung ing basa Jawa. Tujuwan saka anane campur kode positiif iki bisa nambahi kaendahan saka reroncening tembung, saliyané iku uga bisa narik kawigaten pamaca. Bab campur kode positiif basa Jawa – basa Inggris iki bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

(49) “Kok Mention nang Tweetmu wae aku wes bahagia, opo maneh nang surat nikahmu.”

(kamu mention di Tweetmu saja aku sudah bahagia, apa lagi disurat nikahmu)



Dhata (49) ing ndhuwur nuduhake anane campur kode positiif ragam basa Jawa menyang basa Inggris. Tujuwan campur kode positiif ragam Basa Jawa marang Basa Inggris yaiku iki bisa nambahi kaendahan saka reroncening tembung, saliyané iku uga bisa narik kawigaten pamaca. Kayata panganggone basa Jawa – Inggris “Kok Mention nang Tweetmu” frasa kasebut saka basa Jawa “kok” yaiku ater-ater tripuusa, banjur “Mention lan Tweetmu” yaiku saka basa Inggris kang nduweni arti ing basa Jawa mention yaiku ditandai lan tweet yaiku ditulis ing salah sawijiine akun (jeneng saka tulisan sing di tulis ing medhia sosial tweeter) ana ing ukara jangkepe “Kok Mention nang Tweetmu wae aku wes bahagia, opo maneh nang surat nikahmu.” Saka jangkepe ukara kasebut nuwuhake campur kode positiif ragam basa Jawa menyang basa Inggris.

Saka adharan kasebut nuduhake yen campur kode positiif ragam basa Jawa - basa Inggris amarga ora ana unsur kang bisa nyebabake salah sawijine pawongan dirugekake, unsur campur kode ing ukara kasebut wis pas, lan bisa narik kawigaten pamaca. Saka dhata kasebut ana panulisan nganggo basa Jawa kang kurang trep, panulisan kasebut bisa dibenerake nganggo tembung kang luwih bener lan trep yaiku “Kok Mention nang Tweetmu wae aku wes bahagia, apa maneh nang surat nikahmu.” panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.

4.1.6.2 Campur Kode Negatif

Campur kode negatif yaiku yaiku njupuk lan nggawe basa liya, nanging sajrone basa sing digawe isih ana tembung kang padha, produktif, lan representatife. Campur kode negatif iki nduweni sipat interferensif yaiku nyampurake marang perangané unsur basa sing sipate ngrugekake. Wujud kasebut dirasa negatif amarga ana sesambungane marang pangrembakake basa. Bab campur kode negatif iki bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

1. Campur Kode Negatif Basa Jawa – Basa Indonesia

Campur kode negatif dumadi saka anane basa liya sajrone basa kang asring digunake saben dina. Dicampur lan dipocapake kanthi sengaja, nanging nduweni sipat kang negatif merga ana padhanan tembung ing basa Jawa. Tujuwan saka anane campur kode negatif iki bisa nambahi kaendahan saka reroncening tembung, saliyané iku uga bisa narik kawigaten pamaca. Bab campur kode negatif basa Jawa – basa Indonesia iki bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

(51) “Sing legi ojo kesusu kok ulu, sing pait ojo kesusu kok lepeh, kabeh butuh proses.”

(yang manis jangan terburu-buru ditelan, yang pait jangan buru-buru dibuang, semua itu butuh proses)



Dhata (51) ing ndhuwur nuduhake anane campur kode negatif ragam basa Jawa menyang basa Indonesia. Tujuwan campur kode negatif ragam Basa Jawa marang Basa Indonesia yaiku dicampur lan dipocapake kanthi sengaja, nanging nduweni sipat kang negatif merga ana padhanan tembung ing basa Jawa, saliyané iku uga bisa nambahi kaendahan saka reroncening tembung, lan bisa narik kawigaten pamaca. Kayata panganggone basa Jawa “sing pait ojo kesusu kok lepeh” dibacutake tembung nganggo basa Indonesia “butuh proses” tembung kasebut nduweni maksud ana ing Basa Jawa yaiku kabeh kuwi ana mangsane, nanging panulis luwih gampang nulis nganggo basa Indonesia yaiku butuh proses kanggo narik kawigatené pamaca, ana ing ukara jangkepe “Sing legi ojo kesusu kok ulu, sing pait ojo kesusu kok lepeh, kabeh butuh proses.” Saka jangkepe ukara kasebut nuwuhake campur kode negatif ragam basa Jawa menyang basa Indonesia.

Saka adharan kasebut nuduhake yen campur kode negatif ragam basa Jawa - basa Indonesia amarga

ana unsur kang bisa nyebabake salah sawijine pawongan dirugekake utawa ana bab kang nggarai kahanan ora lumaku selaras kaya apa kang dikarepake. Saka dhata kasebut ana panulisan nganggo basa Jawa kang kurang trep, panulisan kasebut bisa dibenerake nganggo tembung kang luwih bener lan trep yaiku “Sing legi aja kesusu kok ulu, sing pait aja kesusu kok lepeh, kabeh butuh proses.” panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.

2. Campur Kode Negatif Basa Indonesia – Basa Jawa

Campur kode basa Indonesia menyang basa Jawa iki uga ditemokake ana ing kiriman foto sajrone instagram akun @pujangga_jawa kang nduweni tujuan kanggo nambahi maneka warna campur kode sajrone reroncene tetembungan kasebut. Bab campur kode negatif basa Indonesia – basa Jawa iki bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

(54) “Kangen ora berarti kepengen balen”
(kangen bukan berarti kepingin balikan)



Dhata (54) ing ndhuwur nuduhake anane campur kode negatif ragam basa Indonesia menyang basa Jawa. Tujuan campur kode negatif ragam Basa Indonesia marang Basa Jawa yaiku dicampur lan dipocapake kanthi sengaja, nanging nduweni sipat kang negatif merga ana padhanan tembung ing basa Jawa, saliyané iku uga bisa nambahi kaendahan saka reroncening tembung, lan bisa narik kawigaten pamaca. Kayata panganggone basa Indonesia “Kangen ora berarti” tembung kangen bisa diganti basa Jawa yaiku kapang lan tembung ora berarti yaiku ora nduweni maksud utawa tujuan liya, dibacutake tembung nganggo basa Jawa “kepengen balen” yaiku kanggo njangkepi ukara kang wis ana sadurunge luwih dicethakake maneh, ana ing ukara jangkepe “Kangen ora berarti kepengen balen” Saka jangkepe ukara kasebut nuwuhake campur kode negatif ragam basa Indonesia menyang basa Jawa. Saka adharan kasebut nuduhake yen campur kode negatif ragam basa Indonesia - basa Jawa amarga ana unsur kang bisa nyebabake salah sawijine pawongan dirugekake utawa ana bab kang nggarai kahanan ora lumaku selaras kaya apa kang dikarepake.

4.2 Unsur Interferensi

Interferensi lan integrasi nduweni pangerten kang padha, yaiku prastawa panganggone unsur basa sajrone unsur basa liyané sajrone dhiri panutur. Nanging, kalorone iki perlu dibedakake amarga interferensi dianggep minangka gejala tutur (speech, parole) kang dumadi saka dwibahasawan lan anane prastawa kang bisa diarani nyimpang amarga wis gumathuk lan wis bisa ditrima dening masyarakat. Interferensi iki ora perlu dumadi amarga unsur kang wis ana sajrone basa panyerap.

Batasan pangerten interferensi yaiku panyimpangan-panyimpangan saka norma-norma salah

sawijine basa kang dumadi sajrone tuturan para dwibasawan minangka akibat saka pangenalan luwih saka siji basa, yaiku minangka asil saka kontak basa. Saliyané iku uga diandharake yen sejatine interferensi yaiku anane saling pengaruh antar basa. Pengaruh kasebut ana ing bentuk kang paling sederhana kang arupa salah sawijine unsur saka basa kang digunakake kanggo hubungan ing basa liyané.

Interferensi bisa wae ana ing kabeh tuturan basa lan bisa dibedakake sajrone jinis-jinis kang beda. Miturut Weinreich sajroné Aslinda (2014 :66) ana patang jinis interferensi kaya ing ngisor iki:

4.2.1. Pamindahan Unsur Salah Sawijine Basa marang Basa Liyané

Pamindahan unsur salah sawijine basa ing pandangan sajrone salah sawijine tuturan basa liyané. Sajrone proses panggantine basa kasebut ana aspek saka salah sawijine basa kang disalin ing basa liyané kang biasa diarani substitusi. Bab kang ana gegayutane karo pamindahan unsur saka salah sawijine basa marang basa liyané bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

(56) “Sebab aku wes sadar yen mantan kuwi dudu pahlawan sing berhak dikenang.”
(sebab aku sudah sadar jika mantan itu bukan pahlawan yang berhak untuk dikenang)



Dhata (56) ing ndhuwur nuduhake anane interferensi amarga anane saling pengaruh antar basa. Pengaruh kasebut ana ing bentuk kang paling sederhana arupa salah sawijine unsur saka basa kang digunakake kanggo hubungan ing basa liyané. Ana ing dhata kasebut tembung “berhak lan dikenang” tembung kasebut biyasa digunakake ana ing basa Indonesia ananging basa kasebut bisa disubstitusi ing panganggone basa Jawa. Ana ing jangkepe ukara “Sebab aku wes sadar yen mantan kuwi dudu pahlawan sing berhak dikenang”. Saliyané iku unsur interferensi bisa dideleng amarga anane pamindahan unsur salah sawijine basa ing pandangan sajrone salah sawijine tuturan basa liyané.

Sajrone proses panggantine basa kasebut ana aspek saka salah sawijine basa kang disalin yaiku tembung “nduweni hak lan dieling-eling” diganti ing basa liyané yaiku basa Indonesia “berhak lan dikenang” kang biasa diarani substitusi. Saka dhata kasebut ana panulisan nganggo basa Jawa kang kurang trep, panulisan kasebut bisa dibenerake nganggo tembung kang luwih bener lan trep yaiku “Sebab aku wis sadar yen mantan kuwi dudu pahlawan sing berhak dikenang” panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.

4.2.2. Ngrubah Fungsi lan Kategori Unsur anane Proses Pamindahan

Anane proses pinjaman unsur basa ing sajrone tuturan basa liya lan sajrone pinjaman kasebut ana aspek tartemtu kang bisa ditransfer. Hubungan antar basa kang

unsur-unsure disilih kasebut ana sajrone basa sumber, lan basa panrima kasebut bisa diarani basa panrima. Bab kang ana gegayutane karo ngrubah fungsi lan kategori unsur amarga anane proses pamindahan bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

(61) “Witing tresno jalaran songko digojloki konco saben dino.”

(awal mula cinta berasal dari diejek teman setiap hari)



Dhata (61) ing ndhuwur nuduhake anane interferensi amarga anane saling pengaruh antar basa. Pengaruh kasebut ana ing bentuk kang paling sederhana arupa salah sawijine unsur saka basa kang digunakake kanggo hubungan ing basa liyane. Ana ing dhata kasebut tembung “witing tresno” tembung kasebut biyasane duweni gandhengan yaiku “jaluran saka kulina”, nanging aka ing ukara kasebut ana proses pamindahan kang bisa ditrima yaiku nganggo gantine tembung “digojlloki konco saben dino” bisa dideleng ana ing jangkepe ukara “Witing tresno jalaran songko digojloki konco saben dino.”

Saliyane iku unsur interferensi ana sajrone proses pinjaman unsur basa ing sajrone tuturan basa liya lan sajrone pinjaman kasebut ana aspek tartemtu kang bisa ditransfer. Hubungan antar basa kang unsur-unsure disilih kasebut ana sajrone basa sumber, lan basa panrima kasebut bisa diarani basa panrima. Basa sumber kang dimaksud ing dhata kasebut yaiku basa kang wis asring dienggo “jaluran saka kulina”, nanging panulis luwih milih basa panrima “digojlloki konco saben dino” kanggo nganti tembung kang ana ing njero ukara kasebut. Saka dhata kasebut ana panulisan nganggo basa jawa kang kurang trep, panulisan kasebut bisa dibenerake nganggo tembung kang luwih bener lan trep yaiku “Witing tresna jalaran saka digojloki kanca saben dina.” panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.

4.2.3. Pangetrepan Unsur kang Ora Lumaku Basa Kaloro Sajrone Basa Pertama

Perubahan fungsi morfem kang ana ing salah sawijine morfem basa kaloro sajrone morfem basa kaping pisan, kang bisa ngerubah fungsi morfem basa kaloro adhedhasar salah sawijine model tata basa kang kaping pisanan. Bab kang ana gegayutane karo pangetrepan unsur-unsur kang ora lumaku ing basa kaloro sajrone basa pertama bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

(66) “Wes cukup antartika wae sing adoh, antara kita ojo sampek.”

(sudah cukup antartika saja yang jauh, antara kita jangan sampai)



Dhata (66) ing ndhuwur nuduhake anane interferensi amarga anane saling pengaruh antar basa. Pengaruh kasebut ana ing bentuk kang paling sederhana arupa salah sawijine unsur saka basa kang digunakake kanggo hubungan ing basa liyane. Ana ing dhata kasebut tembung “antartika” tembung kasebut nuduhake salah sawijine jeneng benua kang disebutake ana ing atlas yaiku benua antartika, nanging ana ing ukara kasebut ana proses ngrubah fungsi morfem basa kapisan menyang morfem basa kaloro yaiku ana ing tembung “antara kita” bisa dideleng ana ing jangkepe ukara “Wes cukup antartika wae sing adoh, antara kita ojo sampek.” Maksud saka ukara kasebut yaiku anane ngrubah fungsi morfem antartika lan antara kita kanggo nuduhake yen benua antartika iku panggone adoh, nanging antara kita yaiku nuduhake hubungane pawongan kang dimaksud panulis kasebut aja nganti adoh kaya benua antartika kasebut.

Saliyane iku proses interferensi dipengaruhi fungsi morfem kang ana ing salah sawijine morfem basa kaloro sajrone morfem basa kaping pisan, kang bisa ngerubah fungsi morfem basa kaloro adhedhasar salah sawijine model tata basa kang kaping pisanan. Saka dhata kasebut ana panulisan nganggo basa jawa kang kurang trep, panulisan kasebut bisa dibenerake nganggo tembung kang luwih bener lan trep yaiku “Wis cukup antartika wae sing adoh, antara kita aja sampek.” panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.

2.4. Ora Nggatekake Struktur Basa Kaloro kang Ora Ana pepadhan ing Basa Pertama

Pangetrepan hubungan ketatabahasaan basa kaping pisan sajrone morfem basa kaping loro ana ing kaitan basa kaloro, utawa ingkaran hubungan ketatabahasaan basa kaloro kang ora ana modele sajrone basa kaping pisan. Bab kang ana gegayutane karo bab kang ora nggatekake struktur basa kaloro amarga ora ana pepadhan sajrone basa pertama bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

(71) “Masih bersamaaaa... new sahne kancane...!”

(masih bersama.... new sahne kancane ‘menyusahkan temannya’)



Dhata (71) ing ndhuwur nuduhake anane interferensi amarga anane saling pengaruh antar basa. Pengaruh kasebut ana ing bentuk kang paling sederhana arupa salah sawijine unsur saka basa kang digunakake kanggo hubungan ing basa liyane. Ana ing dhata kasebut tembung “masih bersama”, lan ana proses pengingkaran morfem basa pertama menyang basa kaloro yaiku ing tembung “new sahne kancane” bisa dideleng ana ing

jangekepe ukara “Masih bersamaaa... new sahne kancane...!” Maksud saka ukara kasebut yaiku anane ingkaran hubungan basa kaloro kang ora ana modele ing basa kapisan, biyasane panganggone tembung masih bersama iku slogan kanggo MC dangdut nalikane lagi ngundhang tamu ana ing salah sawijine dangdut sing biasa dikenal New Palapa, nanging bab iki mau diingkari ing tembung New sahene kancane nduweni maksud yen tulisan kasebut dienggo nyindhir. Saliyane iku proses interferensi dipengaruhi pangtrepan hubungan ketatabahasaan basa kaping pisan sajrone morfem basa kaping loro ana ing kaitan basa kaloro, utawa ingkaran hubungan ketatabahasaan basa kaloro kang ora ana modele sajrone basa kaping pisan.

4.3 Unsur Integrasi

Intergrasi yaiku unsur-unsur basa liya kang digunakake sajrone basa tartamtu kang dianggep dadi warga basa kasebut. Panriman basa liyane sajrone basa tartamtu iki bisa dadi nduweni status liya kang merlukake wektu dawa. Proses panriman unsur basa liya iki khusus unsur tetembungan sajrone basa Indonesia ing wiwitan dilakokake kanthi cara audial. Artine, mula-mula panutur basa Indonesia iki ngerungokake butir-butir leksikal kang dituturake dening panutur asline, banjur dheweke nyoba kanggo nggunakake. Apa kang dirungokake kuping, bab iki mau uga kang diomongake banjur di tulisake. Amarga, tetembungan kang bisa ditrima kanthi cara audial bisa wae nduweni ciri kang ora teratur yen dibandingake karo tetembungan kang asli. Bab kang ana gegayutane karo unsur integrasi bakal dijlentrehna ana ing ngisor iki:

(76) “Satriyo kuwi, ati lan pakerti kudu nyawiji.”
(kesatriya itu, hati dan perkertinya harus bersatu)



Dhata (76) ing ndhuwur nuduhake anane integrasi amarga anane basa liya kang digunakake sajrone basa tartamtu kang dianggep dadi warga basa kasebut. Ukara jangekep saka dhata kasebut yaiku “Satriyo kuwi, ati lan pakerti kudu nyawiji.” Nduweni basa panrima yaiku “pakerti” saka tembung kang asring banget dirungokake yaiku budi pakerti, nanging wong wis padha mangerteni yen pakerti ing kunu sing dimaksud yaiku budi pakertine pawongan. Tetembungan kang bisa ditrima kanthi cara audial bisa wae nduweni ciri kang ora teratur yen dibandingake karo tetembungan kang asli. Saka dhata kasebut ana panulisan nganggo basa jawa kang kurang trep, panulisan kasebut bisa dibenerake nganggo tembung kang luwih bener lan trep yaiku “Satriya kuwi, ati lan pakerti kudu nyawiji.” panulisan ukara kasebut luwih krasa sampurna amarga nganggo kaidah panulisan lan merhatekake panulisan ukara kang bener.

4.4 Tujuan Variasi Basa

Variasi basa yaiku wujud saka bagian utawa varian sajrone basa kang nduweni pola kang umume ana

ing *induk* basa. Tujuan variasi basa yaiku umume bisa dipahami dening para panutur ing panganggone basa kasebut, nanging amarga panutur basa kasebut duweni pambada sajrone tuturan ing masyarakat, dudu salah sawijine sakumpulan masyarakat kang duweni sifat *hiterogen*, wujud basa kang *kongkrit*, kang bisa nyebabkake basa kang ora seragam utawa duweni variasi basa. Anane keragaman utawa variasi basa ora mung disebabkake panutur kang *homogen* nanging uga anane kagiyatan interaksi sosial kang maneka warna. Anggota masyarakat salah sawijine basa biasane ora mung saka saperangan pawongan kang nduweni status sosial lan maneka budaya kang ora padha. Kamangka, anane lingkungan kang ora padha kasebut bisa nuwuhake variasi kang maneka warna, variasi kasebut bisa nuwuhake ragam liya kang nduweni pambada sing gedhe. Tujuan variasi basa bisa diperang ing antarane:

4.4.1 Sisih Panutur

Variasi basa kang ana ing sisih panutur yaiku ing antarane (1) idiolek yaiku variasi basa ngenani sipate pawongan nduweni warna suara, pamilihan tembung, gaya basa, pangrakite ukara, lsp., (2) dialek yaiku variasi basa sajrone sakelompok panutur kang nduweni jumlah kang relatif, kang ana ing sajrone panggonan utawa wilayah tartamtu, (3) kronolek utawa dialek temporal yaiku variasi basa kang digunakake sajrone kelompok sosial ana ing mangsa tartamtu, (4) sosiolek utawa dialek sosial yaiku variasi basa kang nduweni kaitan karo status, golongan lan kelas sosial panutur. (Chaer lan Agustina, 2004: 62-64).

4.4.2 Sisih Panganggone

Panganggone utawa fungsine bisa diarani fungsiolek, ragam, utawa register. Variasi basa adhedhasar panganggone iki yaiku nduweni pengaruh basa kang digunakake kanggo kaperluan utawa ana ing bidhang apa. Variasi basa sajrone sisih panganggone iki paling katon bisa dititiki saka tetembungan kang digunakake. Sajrone bidhang kagiyatan iki biasane nduweni tetembungan khusus utawa tartamtu kang ora bakal dienggo sajrone bidhang liyane. Nanging, variasi didhasarake ana ing tataran morfologi lan sintaksis (Chaer lan Agustina, 2004: 68).

4.4.3 Sisih Keformalan

Saka sisih keformalan variasi basa bisa diperang dadi limang jinis yaiku, gaya utawa ragam baku (frozen), gaya utawa ragam baku resmi (formal), gaya utawa ragam usaha (konsultatif), gaya utawa ragam santai (casual), lan ragam akrab (intimate). Ragam baku yaiku variasi basa kang nduweni sipat paling formal, kang bisa digunakake ana ing sajrone kahanan kang khidmat, lan upacara resmi liyane kayata, sajrone upacara kanegaraan, khodbah ing mesjid, lsp. Ragam resmi utawa formal yaiku variasi basa kang digunakake kanggo rapat dinas, surat dinas, buku pelajaran, lsp. Ragam usaha utawa ragam konsultatif yaiku variasi basa kang biasa digunakake kanggo pacaturan kang ana ing sekolahan, utawa rapat kang nduweni orientasi ngenani asil lan produksi. Ragam santai utawa ragam kasual yaiku variasi basa sajrone kahanan kang ora resmi yaiku kanggo pacaturan karo kulawarga utawa kanca saumuran, lsp. Ragam akrab utawa ragam intim yaiku variasi basa kang

biasa digunakake panutur kang hubungane wis akrab banget ing antarane yaiku marang kulawarga kang wis raket banget, lan kanca raket (Chaer lan Agustina, 2004: 72).

4.4.4 Sisih Sarana

Sisih sarana iki bisa dideleng saka jalur kang digunakake, yaiku bisa arupa ragam tulis utawa ragam basa kang nggunakake sarana utawa alat tartamtu, tuladhane sajrone telepon lan telegraf. Ana ing panliten iki nggunakake sarana kang ana ing sosial madhia instagram akun @pujangga_jawa yaiku arupa kiriman foto kang dikirim saka akun kasebut, foto kasebut isine ngenani tulisan apa kang dikarepake dening panutur supaya bisa dimangerteni pamaca (Chaer lan Agustina, 2004: 72).

PANUTUP

Isine bab V iki kaperang dadi loro, yaiku (1) dudutan lan (2) pamrayoga. Andharan luwih cethane ing ngisor iki.

Dudutan

Adhedhasar perkara-perkara lan bab-bab kang wis diandharake ing nduwur mula bisa dijupuk dudutan kaya mangkene. Asline panliten iki yaiku variasi basa kang dienggo ana ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa yaiku arupa: (1) jinise variasi basa kang ana ing sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa, (2) unsur interferensi sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa, (3) unsur integrasi sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa, (4) tujuwan panganggone variasi basa sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa. Panjlentrehan adhedhasar dhata lan teori pangyengkuyung.

Wujud variasi basa sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa bisa diperang adhedhasar kahanan. Kahanan sajrone kiriman foto kasebut bisa nuwuhake anane wujud *sosiolek*, *ideolek*, lan *variasi tembung*. Wernaning basa mau tuwuh uga bisa amarga *status sosial*, *golongan*, lan kelas panutur *sosiolinguistik*. Amarga variasi basa iki ana gegayutan karo pribadhine panutur kayata umur, pendidikan, panggaweyan lan kahanan ekonomi.

Alih kode kang ana ing panliten iki ora mung malihe ragam siji lan sijine nanging ngowahi ragam basa liyane, uga malihe dialek lan ragam lewane basa sajrone nggunakake basa. Sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa bisa ditemokake alih kode intern yaiku alih kode ngoko-krama lan krama-ngoko, alih kode ekstern kang dumadi saka basa Jawa – Indonesia lan Basa Jawa – basa Inggris.

Campur kode bisa diperang dadi loro yaiku campur kode positif kang nduweni sipat sing intregatif (menguntungkan) sajrone akun instagram kasebut yaiku campur kode positif basa Jawa – basa Indonesia, campur kode positif basa Indonesia – basa Jawa, campur kode positif basa Jawa – basa Inggris, lan lan campur kode negatif sing sipate interferensif (merugikan) sajrone akun instagram kasebut yaiku campur kode negatif basa Jawa – basa Indonesia, campur kode negatif basa Indonesia – basa Jawa.

Interferensi lan integrasi nduweni pangerten kang padha, yaiku prastawa panganggone unsur basa sajrone unsur basa liyane sajrone dhiri panutur. Nanging, kalorone iki perlu dibedakake amarga interferensi dianggep minangka gejala tutur (speech, parole) kang dumadi saka dwibahasawan lan anane prastawa kang bisa diarani nyimpang amarga wis gumathuk lan wis bisa ditrima dening masyarakat. Interferensi iki ora perlu dumadi amarga unsur kang wis ana sajrone basa panyerap. Batasan pangerten interferensi yaiku panyimpangan-panyimpangan saka norma-norma salah sawijine basa kang dumadi sajrone tuturan para dwibasawan minangka akibat saka pangenalan luwih saka siji basa, yaiku minangka asil saka kontak basa lan saling pengaruh antar basa. Intergrasi bisa diarani panriman basa liyane sajrone basa tartamtu iki bisa dadi nduweni status liya kang merlukake wektu dawa. Proses panriman unsur basa liya iki khusususe unsur tetembungan sajrone basa Indonesia ing wiwitan dilakokake kanthi cara audial.

Pamrayoga

Panliten kanthi judhul “Variasi Basa Sajrone Sosial Medhia Instagram Akun @pujangga_jawa 16 november 2016 - 30 desember 2017” iki isih akeh sing durung ditliti kanthi rowa. Panliten iki pancen isih adoh saka kasampurnan, kurange dhata sing luwih kompleks lan maneka warna nambahi panliten iki isih adoh saka sampurna. Panliti sadhar, ing panliten iki isih akeh cacad lan kurange, mula panliten ngenani variasi basa sajrone sosial medhia akun instagram ing basa Jawa isih bisa dirembakakake kanthi luwih njlimet.

KAPUSTAKAN

- Alwasilah, A Chaedar. 1985. *Beberapa Madhab dan dikotomi Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa
- Arikunto. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik Ed Revisi*. Jakarta: Rineka
- Aslinda Lan Syafyayah, Leni. 2014. *Pengantar Sosiolinguistik Cetakan Ketiga*. Bandung: Pt Refika Aditama
- Basir, Udjang Pr. M. 2016. *Sosiolinguistik Pengantar Kajian Tindak Berbahasa. Edisi Ketiga*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Chaer, Abdul Lan Agusina. 2004. *Sosiolinguistik: Suatu Pengantar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul Lan Agustina. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2007. *Kajian Bahasa: Struktur Internal, Pemakaian Dan Pemelajaran*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Dailey, Patrick R. 2009. *Sosial Medhia: Finding Its Way Into Your Business Strategy And Culture*. Burlington, Linkage.
- Keraf, Gorys. 1997. *Komposisi: Sebuah Pengantar Kemahiran Bahasa*. Ende- Flores: Nusa Indah.
- Kesuma, Tri Mastoyo Jati. 2007. *Pengantar (Metode) Penelitian Bahasa*. Yogyakarta: Carasvatibooks.
- Kushartanri. 2005. *Pesona Bahasa Langkah Awal Memahami Linguistik*. Jakarta: Pt. Gramedia Pustaka Utama
- M.S, Mahsun. 2007. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.

- Nababan, Pwj. 1993. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Pateda, Mansoer. 1994. *Linguistik (Sebuah Pengantar) Cetakan 10*. Bandung: Angkasa.
- Poedjosoedarmo, Soepomo. 1979. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Jakarta: Depdikbud.
- Salbino, Sherief. 2016. *Buku Pintar Gadget Android Untuk Pemula*. Jakarta: Kunci Komunikasi.
- Soeparno. 2002. *Dasar-Dasar Linguistik Umum*. Jakarta: Tiara Wacana.
- Subroto. 1992. *Penelitian Kualitatif*. Jakarta: Pt Raya Grafindo Persad.A.
- Sudaryanto. 1993. *Metode Dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Wacana University Press.
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif Dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Surana. 2006. *Wacana Stiker Humor: Kajian Sosio-Pragmatik: Laporan Penelitian Dosen Muda*. Fakultas Bahasa Dan Seni, Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Universitas Negeri Surabaya.
- Surana. 2007. *Frasa Eksosentrik Dalam Bahasa Jawa: Laporan Penelitian Dosen Muda*. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa Dan Seni, Universitas Negeri Surabaya.
- Surana, 2015. , Et Al. *Variasi Bahasa Dalam Stiker Humor*. Diss. Universitas Gadjah Mada.
- Surana, S. 2017. Aspek Sosiolinguistik Dalam Stiker Humor. *Lokabasa*, 8(1), 86-100.
- Surana, S. 2017. Inferensi Dan Problematika Pembelajaran Analisis Wacana. *Fkip E-Proceeding*, 237-244.
- Suwito. 1985. *Pengantar Awal Sosiolinguistik Teori Dan Problema*. Surakarta: Henari Offset Solo.
- Www.Gurupendidikan.Co.Id Dideleng Tanggal 01 Desember 2017
- Www.Muztajib.Wordpress.Com Dideleng Tanggal 01 Desember 2017

